ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№12 (23.170) • 2016 гъэм щIышылэм (январым) и 26, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ зи щхьэ Iуэхукlэ къыхуэкlуэхэм яIуощIэ

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щалIущIащ зи щхьэ Iуэхукlэ зезыгъэтха щыхуэхэм. Ар хэпльащ псэункIэм пыщIауэ зыхэт гугъуехьхэм, щыхуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къызэрызэпаудым теухуа тхьэусыхафэхэм, щэнхабзэм и хьугъуэфыгъуэхэр хьумэнымкlэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр зэIуэзэпэщ щIыныкlэ къыхалъхьахэм.

Дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми пыщIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр яубыхуну я пщэ иралъхьащ зыхуэфащэ Iуэхущlапlэхэм.

Дызыхьха илъэсым щыщу блэкlа зэманым республикэм и унафэщIыр зи щхьэ Iуэхукlэ зыкъыхуэзыгъэза цыху 17-м я лъэIухэм хэпльащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.***

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Урысей студентхэм я махуэм ирихьэлIэу

# ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Ныбжьэгъу лъапlэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу Урысей студентхэм я махуэмкlэ.

ЩIалэгъуалэм, псом хуэмыдэу абыхэм я пэрыт гупым - студентхэм - хэхауэ кууэ зыхащIэ зэхъуэкlыныгъэхэр, иджырей зэманым пыщIа Iуэху нэхъыфIхэр. Фэ жэуап хэха фохь къэралым и къэкIуэнум, зэфIэкI зыбгъэдэлъ икIи зэпымыууэ ефIакIуэ Урысейр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и студентхэм быдэу къагуроIуэ езыхэм я гъащIэр щалъхуа республикэм, зэрыщыту къэралым я къэкIуэнум зэрыпыщIар икIи шэч къытехьэркъым абыхэм зэпымыууэ я зэхэщIыкIым зэрыхагъэхъэунум, урысей студентхэм я хабзэ нэхъыфI дыдэхэм пащэ зэпыту зэрекIуэкlынум.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узынщагъэ быдэ фиIэну, еджэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Урысей иным я ефIэкIуэныгъэм хуэгъэза творческэ, жылагъуэ лэжьыгъэм фехъулIэну.

## Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыззгъэпэщыныр зи лъабжьэ программэр ягъэзащIэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий щабэт кIуам къипщытащ «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» автоматикэ комплексыр Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Iуащхьэмахуэ районым зэрыщылажьэр. А щIынальмащIр къыхахащ «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ къалэ» проектыр щагъэунэхун папщIэ. Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ а системэр зэтегъэувэнымрэ зегъэужьынымрэ пыщIа Iуэхухэр къэралым и МЧС-м зэблегъэкI. Автоматикэ комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыз этегъэувэнымкlэ жэуап зыхьыр КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетырщ. «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» программэ къуэдзэр «КъБР-м и транспорт Iэнатlэм зегъэужьыныр» къэрал программэм хеубыдэ. Ар нэгъэсауэ гъэззэщIа хъун папщIэ 2012 гъэм къызэрагъэпэщащ КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэм щIэт кIэзонэ Iуэхущlапlэ щхьэхуэ икIи КъБР-м щыIэ МВД-м абы иритыжащ аппарат-программэ комплексым и мылъкумрэ техникэмрэ. Иджы «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» аппарат-программэ комплексым и пэшышхуэм и зы блыныр мониторхэм яIыгъщ. Мы щIыпlэм ущыIэу цIыху зэхьхьэпlэхэм уакlэпlыпlъ, полицэм и лэжьакIуэу гъэгум шынагъуэншагъэр хьощIыззэпэщыным пыщIахэм я лэжьыгъэр зэблобгъэкI, зэрызекIуэ хабзэхэр къызэпызыдэхэр къыхэптхыкI икIи ГЛОНАСС системэр къэбгъэсэбэпурэ транспортым укlэпlыпlъ мэхъу.

Комплексым тэмэму зрагъэужьын папщIэ республикэм и Правительствэм 2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэм. Абы икIи иткIэ республикэм щIэуэ щагъэувынущ гъэгухэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыудхэм сурэт тезых автоматикэ комплексу 74-рэ, цIыху зэхьхьэпlэу щыт щIыпlэхэм щыIэ щытыкIэм зэрыкlэлъыпlъ камерэу 180-рэ, цIыхухэм полицэм и лэжьакIуэм псынщIэу зэрызыпащIэ системэу 13. А системэм Iэмал къет лъэныкъуитIри зэрыльагъуу зэпсэльъэныкlэ, апхуэдэу зыхуэфащэ Iэнатlэхэм мыхьумыщIагъэ къыщыхъуа щIыпlэр къалэм и электрон картэм псынщIэу къыщалъыхъуэныкIэ. Абы зыпащIэ мэхъу мэфIэсхэр зыгъэункIыфIхэм, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм, полицэм и лэжьакIуэхэм.

Зэгурыlуэныгъэм икIи иткIэ къагъэщIэрэщIэжащ «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущlапlэм бжьыгъэхэм щелэжь ди центрыр. Апхуэдэу «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэм иIэ техническэ Iэмалхэр къагъэсэбэпри, республикэм и муниципальнэ щIынальмэхэм видеокамерэ 85-рэ щIэуэ щагъэувaщ.

Иджыпту республикэм щолажьэ гъэгухэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр къызэпызыдэхэм сурэт ятезых стационар комплексу 51-рэ. 2016 гъэм мэкъуаугъэм и 25-м нэсыху абыхэм аргуэру 53-рэ къахэхъуэнущи, 19-р гъэзгу зэхэкIыпIэхэм щагъэувынущ. Ахэр псори инновацэ комплексщи, гъэзгу зэхэкIыпIэхэм щыззблэкI автомашинэхэм ящыщу светофорым тещIыхьауэ земыкIуэхэри, гъэзгум тет дамыгъэхэм ебакъуэхэри, лъэс зэпрыкIыпIэхэм тету къэувыIэхэри ятхынущ.

Зэкlэ республикэм щыIэ комплексхэм гъэзгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм автомашинэхэр зезыгъакIуэхэм зэрамыгъэзащIэм теухуа къуаншагъэу мин 58-м нэблагъэ ятхащ. Абыхэм папщIэ гъэзгу хабзэхэр зымыгъэзащIэхэм зэретхьэкъуа къэушэр сом мелуан 18-рэ мин 365-рэ мэхъу. Къуаншагъэ зыIэжьажьэм зэретхьэкъуа ахъшэр куэд къыззхамыкIухьу ятын папщIэ «Щхьэпэкъуэ» посту щытам къыщызэрагъэпэщащ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэрызыгъэкI пункт. 2015 гъэм фоIадэм и 7 лъандэрэ абы къуаншагъэ зыIэжьахэм зэретхьэкъуа ахъшэу сом мелуани 8-рэ мин 300-м нэблагъэ къыщIахащ. Пунктым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мыбы махуэ къэс къекIуалIэ цIыхухэм сом мин 300-400 хуэдиз бюджетым халъхьэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlыр журналистхэм щепсалъэм зэрыжиIамкIэ, «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ къалэ» комплексыр хэчыхьауэ щIыналъэ гъэдым щагъэувынущ, ауэ абы зэкlэлъыкIуэу, яубзыхуа план пыухыкIам тету елэжьыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закъуэщ.

## Хлопонин Александр: «Экономикэм и IэнатIэм иджыпсту гугъуехь пыухыкIахэр щыIэми, Архъызым зэпымыууэ зиужьынущ»

Хлопонин Александррэ Темрезов Рашидрэ Архъыз зыщаплъыхь.

● Къэрэшей-Шэрджэс

Сыту дахащэ Архъыз!

**Ди экономикэр иджыпсту Iуэху гугъухэм зэрыхэтым щхьэкlэ къэмынэу щIэгъэхуэбжьауэ зрагъэужьынущ турист кластерым хиубыдэу «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ «Архъыз» турист-рекреацэ комплексым. Блэкlа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ «Архъыз» комплексым щыщIам апхуэдэу жиIащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Хлопонин Александр.**

«МЫ ЩIЫНАЛЪЭМ тэмэму зэрызиужьыр нэрылъагъущ, ауэ зэфIэгъэкIыпхъэу иджыри куэд щыIэщ. Абыхэм ящыщщ ищхьэрэ джабэхэм зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыныр, лыжэкIэ къыщажьхьыну гъэгугущIэхэр хэщынкI, кIапсэ гъэзгухэр укъуэдиныр. Къапэщыт а лэжьыгъэхэм ятеухуа программэр убзыхуащ, ар гъэззэщIэным трагъэкIуэдэну ахъшэр бюджетым щыхухахащ. Абы къыхэкIыу дэ шэч къытедмыхьэжу нобэ жыдоIэ экономикэр гугъуехь пыухыкIахэм зэрыхэтым щхьэкlэ къэмынэу Архъызым зэрызиужьынур», - къыжиГъэщхьэхуэкIащ Хлопонин Александр.

Къэралым и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэм курортыр щыщIипщытыкIым щIыгъуащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид. «2011 гъэм мы щIыпIэр зыри имыту Iэнэщlу щытащ. Абы щыгъуэ ди уухакIуэхэм кIапсэ гъэзгум я япэрей пкъор хатIащ, япэ хьэщIэщымрэ сервис центрымрэ кърагъэжьащ. Блэкlа илъэсипIрэ ныкъуэм къриубыдэу хьэщIэщу щы, ресторанхэр, кIапсэ гъэзгуу щы, лыжэ къэжьхьыпIэу блы, нэгъэщI уэхуэнагъэ зыбжани хьэзыр ящIащ», - къыжиIащ абы. Темрезов Рашид къигъэлъэгъуащ курортым иджыпсту турист минипщIхэр зэрыщыщзблэкIым республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Горчев Олег унафэщIхэр щыгъуазэ ищIащ щIымахуэ лъэхъэнэм курортыр зэрылажьэ щIыкIэм. Абы зэрыжиIамкIэ, илъэсыщIэ махуэхэм къриубыдэу «Архъыз» курортым турист мин 30-м нэблагъэ щызблэкIащ. Ар къыззыкIуэ махуэхэм елъытауэ хуэдищым щIигъукIэ нэхъыбэщ.

Курортым и зыужьыкIэм арэзы укъызэрищIыр къыхигъэщхьэхукIри, Хлопонин Александр зыхуэфащэ унафэщIхэм я пщэ иритлъхьащ мы щIыналъэм адэкIи зегъэужьыным, хьэщIэщхэмрэ адрей Iуэхущlапlэхэмрэ нэхъыбэ щIыным пыщIа къалэн пыухыкIахэр.

***«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

### Щхьэусыгъуэ къудейуэ къеллъытэ

**Иракым и МИД-м и унафэщI Ибрэхьим аль-Джаафари Бахрейным щекIуэкI хьэрып-индие зэхуэсышхуэм къыщыщIыпсалъэм жиIащ я къэралым нэгъуэщI дэхэр ирашэу зэрамыдэнур.**

«Иракыр къэрал щхьэхуитщ икIи и суверенитетыр къызэпауду зыми хуидэнукъым, - къыхиГъэщащ абы. - «Исльам къэралыгъуэ» террорист зэгухьэныгъэм ди щIынальэм дыщыпэщIэтынри, нэгъуэщI къаруэр къыжьмыхьэу, дэ тхузэфIэкIынущ».

Министрыр апхуэдэ псальэкIэ утыку къихьэн хуей щIэхъуар США-м и вице-президент Байден Джорэ Пентагоным и Iэтащхьэ Картер Эштонрэ «Исльам къэралыгъуэм» ебэныным теухуа я мурадхэу иджыблагъэ хIущIыIу ящIахэрщ. «Исльам къэралыгъуэм» нэхъ зыщагъэбыда къалэхэу Сирием щыIэ Раккэрэ Иракым и Мосулрэ хуит къащIыжыным хуэунэтIауэ екIуэкIыну зауэм США-м и лъэсыдзэхэр хэтын хуейуэ къагъэуэ абыхэм. Ар щхьэусыгъуэ ящIу американыдзэхэр Иракым ирашэнырщ Ибрэхьим аль-Джаафари яхуимыдэр.

### Иужьрей илъэсищэм къэмыхъуауэ

**Щымахуэм и «зэфIэкIыр»**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Тэнымрэ хэдэнымрэ зэхуэдэщ.**

**щегъэлъагъуэ США-м и къуэкIыпIэм.**

Уэсым и куугъыр метрым щынэс щыпIэхэр иIащ щымахуэр щыпетщэ щыналъэхэм. Апхуэдиз уэс мыбы иужьрей илъэсищэм къызэрыщемысам щыхьэт техьауащ синоптикхэр.

Къэралым и штат 11-м борэныр зэрыщыетам къыхэкIыу аэропортхэр, Iуэхущlапlэхэр, еджапIэхэр зэхуащIащ, цIыхухэр зэрызекIуэ жылагъуэ транспортыр щыпIэ куэдым щылажьэркъым. Ток зэрыкIуэ кIапсэхэр зэпычри, унэ мин 200 уэздыгъэнщэу къэнащ. Гъуэгу тету борэным хиубыдахэм ящыщу цIыху 28-рэ щIыIэм исащ.

ЩытыкIэр щынэхъ гугъуэхэм ящыщщ Вирджиние, Мэриленд штатхэр, къэралым и къалащхьэ Вашингтон зыхьхьэ Колумбие федеральнэ округыр. А щIыпIэхэм уеблэмэ щылажьэркъым къэрал властым и органхэр.

Уэсыр тхъуныр, щытыкIэ гугъум къихута цIыхухэм ядэIэпыкъуныр зи кьалэн Iуэхущlапlэхэр сэбэп щымыхъуфкIэ, езы цIыхухэм я щхьэ зэрахъумэжным яужь итщ.

**♦Таможенникым и дунейпсо махуэщ**

**♦Латвие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

**♦Индие Республикэм и махуэщ**

**♦Австралием и махуэщ**

**♦1525 гъэм** Урысейм и щIыналъэм и япэ картэр къыдэкIащ.

**♦1788 гъэм** Австралием и къалэ нэхъ инэм ящыщ Сидней и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Дэтхэнэ зы адыгэри зыщыгуфIыкIа хъыбар къиIукIауэ щытащ а къалэм 2000 гъэм. Абы олимп чемпион щыхъуат ди бэнакIуэ лъэщ Къардэн Мурат.

**♦1905 гъэм** Африкэ Ипщэм къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр.

**♦1924 гъэм** Петроград къалэм и цIэр Ленинград зэрахъуэкIащ.

**♦1944 гъэм** КъБР-м Аруан щIыналъэр къыщызэрагъэпэщащ.

**♦1956 гъэм** Италием щыщ Кортинэ д'Ампеццэ къалэ цIыкIуэ къыщызэIуахащ VII ЩIымахуэ Олимп джэгуэр.

**♦**Къэрал лэжьакIуэ, Румынием и япэ президент Чаушеску Николае къызэралъхьэ илъэс 98-рэ ирокъу.

**♦**Японием щыщ хьэрычъыщIэ, Sony компание цIэрыIуэм и къызэгъэпэщакIуэ **Моритэ Акио** къызэралъхьэ илъэс 95-рэ ирокъу.

**♦**Филологиемрэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэзешэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

**♦**КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Джэдзауэ Венерэ къыщалъхуа махуэщ.

**♦**Тхыдэжь, зэдзэкIакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къахутэныгъэхэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщIу лэжьа **Мэлбахьуэ Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

**♦**Канадэм щыщ хоккеист, дунейм щыпхъэ щIэрыIуэ дыдэ спортсменэм хабжэ **Гретцки Уэйн** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 9 - 8, жащым градус 12 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● ЩIэблэ

## Зыгъэпсэхугъуэ зэманым зыхуагъэхьэзыр

**Сабийхэм тэмэму зегъэгъэпсэхуныр я узынщагъэр егъэфIэкIуэныр теухуа лэжьыгъэр зэпыуркъым.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм щIышылэ мазэм и 15-м къыщыщIэдзауэ мазаем и 15-м нэсыху адэ-анэхэм, Iуэхущlапlэхэм я лъэIу тхыльхэр яIихынущ. Абы Iупщlу къыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманым къриубыдэу здагъэкIуэну зыхуей зыгъэпсэхупIэхэмрэ зыщIэлъэIу Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ.

ЛъэIу тхыльхэр абыхэм щIалъхьэ хъунущ езыхэр щыпсэу къалэхэм, куейхэм цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щрат Iуэхущlапlэхэм. Адэ-анэхэм, Iуэхущlапlэхэм къабгъэдэкIа зы лъэIуи жэуапыншэу къагъэнэнукъым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## «Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

### ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

**Фигу къыдогъэкIыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Iэ тедзэныр зэриухар. Ауэ мазаем и 21 щIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ. МазипIым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 92-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**

## Мэремыкъуэ зэкъуэшхэм я уэрам

● Аруан щIыналъэ

**Псынабэ къуажэм и Ветеранхэм я советыр зэпхъэжащ илъэс кIуам зэфIагъэкIа лэжьыгъэм.**

ЗАУЭМ хэтахэм, а зэманым лэжьахэм къищынэмыщIауэ пенсионерхэри, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ жылагъуэдэсхэрикъызэщIэзыубыдэ мы зэгухьэныгъэм нобэ щIыху 402-м и нэIэ тетщ.

2015 гъэм и кIыхьагъкIэ Советым хэтхэр абыхэм я унэ кIуэуэрэ я Iуэху зытетым зыщагъэгъуэзащ икIи щIыпIэ администрацэр къажьуэту дэIэпыкъуэгъу нэхъ хуэныкъуэхэм ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр (кIэртIоф, нартыху ) хурагъэщащ.

Жылэм дэсщ зи ныбжьыр илъэс 80-м фIэкIа цIыху 35-рэ, илъэс 90-95 ныбжьым иту 2-рэ. Абыхэм ящыщу нэхъ къаруушэхэмрэ дэIэпыкъуэгъуншэхэмрэ социальнэ лэжьакIуэхэр якIэлъэпlэ.

Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу фэеплъ пчъэбгъу хуагъэуващ 1941-1945 гъэхэм хъыбарыншэу зауэм хэкIуэда я къуажэгъухэм. Къуажэ уэрамхэм ящыщ зым зауэм хэкIуэда Мэремыкъуэ зэкъуэшцым (Къарахъэ, ФIыцIэ, Къэралбий) я цIэр фIащащ.

Зэгухьэныгъэм хэтхэм лэжьыгъэ хьарзынэ ирагъэкIуэкI къуажэдэс щIалэгъуалэр гъэсэным теухуауэ. Дызытехьа 2016 гъэми а Iуэху щхьэпэхэм пащэну я мурадщ.

**ТЕУВЭ Алексей,**
*Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*

## Татьянэхэм папщIэ

**Кременчуг-Константиновскэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэхэр дыгъуасэ ехъуэхъуащ Татьянэ цIэр зезыхьэу я жылэм дэс бзыльхъугъэ псоми.**

ТАТЬЯНЭ цIэр зезыхьэ бзыльхъугъэ 18-м макъамэ хъуэхъуэр хуагъэхьэзыращ, ахэр къуажэм щагъэлъэгъуащ.

Махуэшхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр сэбэп мэхъу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къажэкIа къуажэдэсхэр зэкъуэгъэуцуэнымкIэ.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

Ди индексыр 51531

**«Энергиер зэгъэзэхуэным икІи энергием къит фейдэм хэгъэхуэным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым, «КЪЕР-м энергиер щыізэгъэзэхуэным икІи энергием къит фейдэм щыхэхуэным я Іуэхукіэ» КЪЕР-м и Законым, 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «КЪЕР-м энергиер къыщыт фейдэмрэ энергетикэм зыщегъэужьыныкІмрэ» къэрал программэр (адэкІэ къызэрыкІуэнур Программэуц) ягъэзащІэкІэрэ илъэсым зэрыщІидзэрэ республикэм энергиер зэгъэзэхуэным теухуа Іуэхухэр щрагъэкІуэкІ ягъэува пІалъэхэм къитІасэу.**

КЪЕР-м и гъэсныпхъэ энергетикэ комплексым и Іуэхущ1апІэхэм 2015 гъэм и мазибгъум ирагъэкІуэкІа лэжьыгІэр зыхуэдэр къаІэльагъуэ мы бжыгъэхэм.

**Электроэнергетикэ.** 2015 гъэм и мазэ 9-м республикэм псори зэхэту электроькъарууэ ныкъагъэсэбэщ киловатт-сыхьэт мелардрэ мелуани 128,1-рэ (2014 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ проценти 102,6-рэ мэхуэ). ЭлектроькъарумкІэ опт рынокым къыщыщэхуащ киловатт-сыхьэт мелардрэ мелуани 115,1-рэ (проценти 102,9-рэ). Республикэм и щыналъэм щыІэ гидроэлектростанцхэм 2015 гъэм и мазэ 9-м ячлэжьащ киловатт-сыхьэт мелуан 405,7-рэ (процент 83-рэ), 2014 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ нэхъ мащІэ хъуныр къызыхэкІар 2015 гъэм и щІыкІыпІэм къыщыщІдзауэ накъыгъэр къэсыху Щэрэдж псыр нэхъ щІыкІыу зэрыщІытамрэ я псы хъуманІэ нэхъыщхьэр ягъэлэжьэн папщІэ Къэщхьэтау, Аушыджэр ГЭС-хэр ягъэуфвІыауэ зэрыщІытамрэщ.

«Электроэнергетикэм зэрызрагъэужьыну схемэхэмрэ программэхэмрэ я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №823-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмкіэ, псэупІэ кІапыпІыныбгъэмкІэ и къэрал комитетым

● ІэнатІэхэр

# Зумыгъэзахуэри умыІэри зыщ

(адэкІэ къызэрыкІуэнур - Комитетущ) зэкилъхьа 2015-2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электроэнергетикэм зэрызыщагъэужьыну схемэхэмрэ программэхэмрэ (адэкІэ къызэрыкІуэнур - Программэущ). А Программэр щІэгъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыхьыхьым и 30-м къыдигъэкІа Указ №62-УГ-мкІэ.

Республикэм и электроэнергетикэм и Іуэхущ1апІэхэм электросетхэр ирагъэфІэкІуэн, Іэмэпсымэщ1эхэмкІэ зэщІауэздэн папщІэ ягъэзащІэ щІэ инвестицэ программмэ (адэкІэ къызэрыкІуэнур ИПР-ущ) зэгъэкІуахэр:

2015 гъэм и мазэ 9-м ИПР-м планкІэ къапщытэ сом мелуан 57,234-м и пІэкІэ хуаутІыпщащ сом мелуан 95,058-мрэ (проценти 166,1-рэ).

2014-2016 гъэхэм ятещІыхьа инвестицэ программэр игъэзащІэурэ «РусГидро» ПАО-м МВт 30,6-рэ зи лъэщагъыну Зэрэгъэкъ ГЭС щыкІыр яуухуэ.

Республикэм генерацэм дяпэкІи зыщегъэужьын мурадкІэ Комитетым Урысей Федерацэм 2030 гъэм нэсыху лъэхъэнэ къызэщІэзыубыдэ щІыналъэ план зэрыщІэзэхалъхьэну Схемэхэм я проектым хагъэхьэну къагъэлъагъуащ гидроэлектростанциц:

«Гуэл щхъуантІэ» ГЭС-р - (Шэджэм псы) - МВт 110-рэ;

Курп ГЭС гупыр (Тэрч псы) - МВт 184-рэ;

Жанхъуэтекъуэ ГЭС (Бахъсэн псы) - МВт 100.

Федеральнэ программэм и проектущ щыт абы мы зэманым Урысей Федерацэм и Правительствэр хоплъэ.

**ГаэкІэ къызэгъэпэщыныр.** 2015 гъэм и мазэ 9-м «Газпром межрегион Пятигорскэ» ООО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электроэнергетикэм зэрызыщагъэужьыну схемэхэмрэ программэхэмрэ (адэкІэ къызэрыкІуэнур - Программэущ). А Программэр щІэгъэбыдащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыхьыхьым и 30-м къыдигъэкІа Указ №62-УГ-мкІэ.

Республикэм и электроэнергетикэм и Іуэхущ1апІэхэм электросетхэр ирагъэфІэкІуэн, Іэмэпсымэщ1эхэмкІэ зэщІауэздэн папщІэ ягъэзащІэ щІэ инвестицэ программмэ (адэкІэ къызэрыкІуэнур ИПР-ущ) зэгъэкІуахэр:

2015 гъэм и мазэ 9-м ИПР-м планкІэ къапщытэ сом мелуан 57,234-м и пІэкІэ хуаутІыпщащ сом мелуан 95,058-мрэ (проценти 166,1-рэ).

2014-2016 гъэхэм ятещІыхьа инвестицэ программэр игъэзащІэурэ «РусГидро» ПАО-м МВт 30,6-рэ зи лъэщагъыну Зэрэгъэкъ ГЭС щыкІыр яуухуэ.

Республикэм генерацэм дяпэкІи зыщегъэужьын мурадкІэ Комитетым Урысей Федерацэм 2030 гъэм нэсыху лъэхъэнэ къызэщІэзыубыдэ щІыналъэ план зэрыщІэзэхалъхьэну Схемэхэм я проектым хагъэхьэну къагъэлъагъуащ гидроэлектростанциц:

«Гуэл щхъуантІэ» ГЭС-р - (Шэджэм псы) - МВт 110-рэ;

Курп ГЭС гупыр (Тэрч псы) - МВт 184-рэ;

Жанхъуэтекъуэ ГЭС (Бахъсэн псы) - МВт 100.

**Жылагъуэ транспортыр нэхъ гъэсныпхъэ пудым иригъэлэжьэным теухуауэ.** Мы зэманым КЪЕР-м ТранспортымкІэ и къэрал комитетым щатхауэ цыкІуэ къызэрыращэкІ автобус цыкІуэ, курытхэр, инкэр 1173-рэ мэхъу, абыхэм я процент 96-р газ мотор гъэсныпхъэм ирилажьэ. Адрейхэр абы хуэкІуэфынукъым дизель гъэсныпхъэм зэрырилажьэм кьыхэкІыу. Абы и фІыгъэкІэ цыкІуэ кьэзышэкІэм ахъшэ кьаидагъэхуэф, зекІуапщІэм и уасэри зэтеІыгъа мэхъу.

КЪЕР-м цыхубэм хьыбар егъэщІэным и Іэнатіэ-хэм энергиер зэгъэзэхуэным егъэщІылІа лэжьыгъэр куууэ къагъэлъагъуэ. Республикэ, районхэм газетхэм 1915 гъэм-гъэ 39-рэ къытрадзащ, телеканалхэм сюжет 38-рэ къагъэлъагъуащ мы Іуэхум теухуауэ.

**Бжыгъэ нэхъыщхьэхэр.** 2015 гъэм и ещанэ кварталым республикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм энергиер зэгъэзэхуэным егъэщІылІа Іуэху 82-рэ щызэфІагъэхІащ. Абыхэм сом мелуан 48,6-рэ трагъэкІуэдащ. Псори зэхэту электроньгъуэ киловатт-сыхьэт мелуани 3,7-рэ, хуабэ зи энергиеу Гкал мини 2,9-рэ, щІыуэпс газ кубометр мин 192,7-рэ, псы кубометр мин 29,7-рэ къыдагъэхуащ. Абы экономикэм фейдэуэ къыхихьащ сом мелуан 12,8-рэ.

Бюджет муниципальнэ къызэрэпэщыныгъэхэм я къэхъкІэ энергиер зэгъэзэхуэным хуэгъэзэа лэжьыгъэхэу сом мелуанрэ мин 60-рэ я уасэ, бюджетым щымыщ хэкІыпІэхэм - сом мелуан 47-рэ мин 40-рэ я уасэ зэфІагъэкІащ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІ Іэнатіэ псоми.

Псалъэм и хьэтыркІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэм электрокъару киловатт-сыхьэт мелуани 3,03-рэ, газ кубометр мини 317-рэ, псы кубометр мин 18 къыщыдагъэхуащ. Абыхэм екъэлІа Іуэхуэхэм сом мелуани 4 трагъэкІуэдащ, ауэ фейдэуэ сом мелуани 6,09-рэ къатащ.

Ухуэныгъэ Іэнатіэм зи гугъэ тщІы зэманым электроньгъуэ киловатт-сыхьэт мини 168-рэ къыщыдагъэхуащ, фейдэр сом мин 541-м щыиоц.

Промышленностым и Іэнатіэм 2015 гъэм и ещанэ кварталым энергиер къыдэзыгъаху Іуэхуэу 18 щызэфІагъэкІащ. Абыхэм я фІыгъэкІэ электрокъару киловатт-сыхьэт мин 251-рэ къыщыдагъэхуащ.

Мэкъумэщ Іэнатіэми зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэм хуэдэхэр щрагъэкІуэкІащ.

2015 гъэм и ещанэ кварталым КЪЕР-м и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм энергиер зэзыгъэзахуэ Іуэху 53-рэ щрагъэкІуэкІащ. Абыхэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 42,4-рэ. Фейдэр зэрыхъур сом мелуани 4-щ. Іуэхуэхэр нэхъыбэу хуэгъэзауэ щытащ электролампІэхэр, кхъаэ хъуа, уафэ, псы кІуапІэхэр зэхъуэкІыным, къызэрабж Іэмэпсымэхэр гъэувыным, энергоаудит егъэкІуэкІыным, пхъэм кьыхэщІыкІа щхьэгъубжэхэр кьыхахьу пластикым ящІэхэщІыкІахэр хэпхъэныным.

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм кІыгъэрапщ Іэмэпсымэу щыІащ: бюджет Іэнатіэм - электрокъару кІыгъэрапщ - 2549-рэ (проценти 100), хуабэ кІыгъэрапщу 507-рэ (щыІэн хуея 859-м и процент 59-рэ), газ кІыгъэрапщу 320-рэ (проценти 100), псы кІыгъэрапщу 776-рэ (проценти 100).

УнагъуэкІи ящащ газ кІыгъэрапщ Іэмэпсымэхэу мини 125,9-рэ. Абыхэм ящыщу 483-р 2015 гъэм и ещанэ кварталым ягъэуващ. Псы кІыгъэрапщу мин 52,3-рэ - 1120-р 2015 гъэм и ещанэ кварталым ягъэуващ.

КЪЕР-м энергиер щызэгъэзэхуэнымкІэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэр кьыдэхьэлІэн папщІэ фІэкІыпІэ имыІэу зэфІэдгъэкІын хуейщ мыпхуэдэ Іуэхуэхэр:

республикэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ1апІэ 16-м и энергетикэ щытыкІэр зэгъэщІэныр (аэр псори 163-р мэхъу, абыхэм ящыщу энергетикэ паспорт зиІэр 147-рэ). Абы иІэхэ кьэс бюджет мыпхуэм и процент 15-20-р кьыдигъэхуэнущ;

бюджет Іуэхущ1апІэ 349-р хуабэ энергиемрэ ГВС-хэр кьэзыпщ ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэрэпэщыныр. Ар и кІэм нагъэсыным сом мелуан 41,88-рэ текІуэдэнущ, ауэ илъэс кьэс фейдэуэ проценти 10-30 хуэдиз кьитынущ;

энергохэкІэр кьапщын папщІэ кьагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр нэхъ хуэмыщІа унагъуэ 267-м яхуэгъэувыныр;

КЪЕР-м и министерствэхэу, ведомствэхэу, уэныщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, псэупІэ-коммуналнэ, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм егъэщІылІахэм я къэрал программмэхэм хагъэхьэн хуейщ энергиер зэгъэзэхуэнымрэ абы кьыдгъэзэхуэнымрэ егъэщІылІа Іыхьэхэр.

**КУЧМЕНОВ ТІэхьир,**
*КЪЕР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ ЖКХ-мкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ.*

# Мурадышхуэхэр зи плъапІэ

**Цыхуэр эзрэльытэр и Іэужырыщ, мы гъащІэм щигъэзащІэ къаІэныщ. И щхьэ закъуэ мыхъуу, къэралым и сэбэп зыхэлъхэми егупсысмэ, абы и пщІэм хегъахъуэ, и мурадхэм трегъэгушхуэ, зэуваІэ Іуэхуэр нэхъ тынщу къэхъулІэ.**

ЛЭСКЭН районыр хадзэкІэхэр щыбгъуэ щыналъэщ. Апхуэдэу гъавэ хъарзынэ къыщархьалІэ, пхъэщхьэмыщхьэ хадзэкэр щагъэкІ. Іэщ гъэхъуныи зратыж. Иужьрей илъэсхэм кьуажэдзэ щІалэгъуалэр а Іэнатіэм нэхъ тегушхуэу хуежьащ. Іуэхущ1 я щІэгъэкъуэныр мэкъумэщышІэ-фермер хозяйствэ къызэрагъэпэщ, жэм гъэшыфІэхэр, лыфІ зыщІ Іэщ1эвыщІэ къащ1эку, ягъэбагъуэ.

Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щыщ КъарэщІыкіу Мухьэмэд и мурадым лъэІэсауэ кьелъытэ. Іуэхум тегушхуэн и пэ къихуэу, хозяйствэм и къызэгъэпэщкІэри, абы пыщІа хабзэри куууэ иджащ. Бизнес планыр и кІэм нимыгъэсауэ и мурадыр хэІущІыкІу ищІакъым. Къызэхуэтынщ1эу игъэхьэзыра нэужь, и тхьилъэр кьуажэ администрацэм ириташ, абы щыхэплъэри, арэзы щІетхэуащ.

- 2013 гъэ лъандэрэ сыфермерщ. Сотых тхущІ хьу жыг хадзэшхэу диІэти, ар исхри, псэуалъэ екІу исщІыкащ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хьэкъкІэ кьызата ахъшэр хэспъхэри, жэм гуп кьэсщэхуащ, фейдэ пылъу зесхащ, 2014 гъэм и ещІ щІондэ Іэщ1эвыщІэ щэщІым нэблагъэ згъэшхащ, мы махуэ ГъунэгъуэкІ иджыри блыщІрэ тхупэ щІэспхэнущ. Шхалъэхэр хъэзыр хьумэ, а бжыгъэр щэрэ тхущІым схунэгъэсынущ, - жеІэ Мухьэмэд. - Зэманыр и пІэм иткъым. ГъащІэм зэхъуэкІыныгъэ кудэ кьщІощхъу, кьуажэхэм зыкІьауэкІыж, мэкъумэщ щІынымрэ Іэщ гъэхъунымрэ щІалэгъуалэр нэхъ тогушхуэ. Псори боджэндырыпІажъэ и фитныгъэ хьэжащ, ауэ я уней лъапсэм илэжьхьмэ, я щхьэ Іуэху зэрахуэжмэ, къэралми езыхэми я сэбэп хэлъщ. Ди кьуажэдзэкэм, псом япэу щІалэгъуалэм, ар кьаэзрыгуфІуэм срогугфІэ.

КъарэщІыкІу Мухьэмэд Іэщ гъэхъуныи ерыщу яужь иихьащ. А Іэнатіэм дяпэкІи зэрызрагъэужьгъуэн йогупсыс. МэкъумІпІэу гектар пчыІэ кІыкІу, мэлу зы миным нэблагъэ щІыбгъэныну чэт а щІыпІэм щигъэувыну и мурадщ. Абы папщІэ, кІапэшхуэ зыщІ нэхъ лъэпкъыфІэхэм хуэдэу лъхуэн-пІэн тІощІрэ тхурэ зэрригъэпэщауэ, я зыужькІэжм кІэлъоплъ. Щхьэл зыхэт иджырей гъавэ хъумапІэ, мэкъу шыхьаэ (тукъу) минипщІ зыщІэхуэну щІалъхьэпІэ ихуащ, хьэр гектарипІым щІигъум щещІри, кьытекІыж Іусыпхъэу кІыгъэсэфэн.

Фермер щІалэм гуащІэшхуэ зэрыбгъэдэльыр бэянщ. Абы и щыхьэтыр и Іэхущ1афэмрэ и мурадхэмрэ тегушхуауэ зэрытепсэлъыхьыр, ехъулІэныгъэ нэрылъагъуэм зэрыхуэпабгъэр.

- Іэщ гъэхъуныр икъукІэ кьалэнышхуэщ. Абы кьарууэ, мыпхъуу, зэману куэд токІуадэ. ЕхъулІэныгъэ щ1ицІэнур а Іэнатіэм пыщІа Іуэхугъуэ псоми утемыплъэхъукІыу бгъэзащІэмащ. Зэредгъэжьам хуэдэу екІуэкІмэ, куэдым дызэрыхунэсынум шэч кьытесхьэркъым. Си лэжьыгъэри, си мурадхэри ди унагъуэм кьызадІыгъри, абы си лъэр щІегъэкІ, Іуэхум сытрегъэгушхуэ. ИлъэсыщІэ дызытехьам дэтхэнэ зыми гугъэфІэжр хуэзгещэри, аэр псоми кьыдэхьулІэну си гуапэщ, - жеІэ Лэскэн ЕтІуанэм щыщ фермер щІалэм газетеджэхэм захуигъаззэу.

И гуащІэ кьэлэлым кьыпэкІуэ хьерым щыхур егъэин, егъэдахэ. Щалъхуэ жьлэм лэжьыгъэ щхьэпэ щезыхьэкІ КъарэщІыкіу Мухьэмэд деж ар щынэрылъагъущ. Я унагъуэми республикэми я сэбэп зыхэлъхэр кІыльытэу кьыхихьа Іэнатіэ щхьэпэм зэрытщи, тхьэм езыри хущІегъхьэ, и мурадхэм лыитэІэс.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

# Унагъуэхэм пщІэ хуащІ

**Щ1ышылэм и 20-м КЪЕР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІахэр щызэдзэкІсэу унагъуэхэр щагъэлъэпІащ. Зэ1ущІэм къыдгъэлъагъат апхуэдэхэм ящыщу республикэм щылажьэ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я унафэщІхэр.**

ЩЭНХАБЗЭМКІЭ фондым и Іэтащхьэ **Вэрокъуэ Владимир** зэІущІэ зыщІыгъэ зэІуихьэм, апхуэдэ унагъуэхэр зэкъуигъэувэу ди республикэм щылажьэ «Новое лицо» жылагъуэ зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Соломоновэ Татьянэ** зэфІигъэкІ Іуэхущ1ьхэпэхэм папщІэ фІыщІэ хуищІащ.

Соломоновэр къыщыпсалъэм Вэрокъуэм и унафэгъуэм апхуэдэхэм зэрощыщыр кІыхьигъэщи, иджыблагъэ абы и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуамкІэ ехъуэхъуащ.

Ди къалэн нэхъыщхьэр къыдэкІуэтей щІэблэм лъэпкъ зэхэгъэж ямыщІу, дэтхэнэми пщІэ зэрыхуэфащэр ящІэу, я хабзэ дахэхэм щыгъуазэу, зэгурыІуэныгъэ яку дэлэжьэн ельытыгъэ, - жеІэ Соломоновэм. - КъызэрыщІэкІымкІэ, КЪЕР-м щыІэ лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я унафэщІхэм я нэхъыбэм апхуэдэ унагъуэ яІэщ. Пэжщ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэм щыщхэр сыт зэманми зэрыщыу щытащ. СызэрепсалъэкІи, ди республикэм мамырыгъэ лъпытенчмкІэ а Іуэхум игъэзащІэ мы хьэнэр инщ.

«Абхъаз» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафащІ **Гъуэлапщэ Ингэ** щхьэгъуэгъэ хуэхъуар адыгэ щІалэ Анзорщ.

- Абхъазэхэмрэ адыгэхэмрэ зи хабзэкІи зи бзэкІи зы гупым хьыхь лъпкъщ икІи абы и фІыгъэкІэ гугъуехьыщхьэ пымыІэу унагъуэм сыхэсхьащ, - жеІащ абы. - Нэхъыщхьэр хабзэм и щхьэхуэныгъэхэр къэсщІэнрат. Абыкіэ кьызідэІэпыкъуэ сызыхьыхьа унагъуэм и закъуэкъым, атІэ гъунэгъуэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ хуабжьу зыкьысщІагъэкъуащ. СыкьэзгъэщІыну сыкуейт уи щІалэгъуэм а Іуэхуэр нэхъ тынщу кьызэрохъулІэр.

Украинхэм я «Днипро» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Харенкэ Светланэ** и щхьэгъусэ Андрей урысщ. Куржы (Грузие) щІыналъэм хьыхь Сванетие бгьылъэ щІыпІэхэм зекІуэ щІыІэу зэрыщІыхуаущ щытащ зэщІэхэгъэсэ хуэныкъуэ.

- Гъэгъуэм цыхуэр зыхуэдэр кьыщыбощІэ, жаІэ. - Сванетием щедгъэжьауэ гъащІэ гъэгъуэм зыр адрейм дыдэІэпыкъуэ дыкъызэдгоГъуэгурыкІуэ, - жеІэ Светланэ.

Азербайджанхэм я «Азери» щэнхабзэ центрым и унафэщІ, философие щІэныгъэхэм я доктор **Дадашев Агабаба** и щхьэгъусэр адыгэщ. Ахэр МКЪУ-м и философие къудамэм щызэрыщІыхуауэ жеІэж Дадашевым. Абыхэм я бынхэм бзищ ящІэ, лъэпкъитІми я махуэшхуэхэм унагъуэ зэхуешэсыж.

- Кавказым ис лъэпкъхэм ди хабзэр зэрызэщІыкІ щІагъуэ щыІэкІэмкІэ, абы и лъэныкъуэкІэ дэ гугъу дехьауэ скужьІэнукъым, - жеІэ Агабаба.

Эстонхэм я «Кодума» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Романи Марет** и кьуэрылъуэхэм кьущхьэ, адыгэ, эстон, урыс-сыльп ящІэтщ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ ныбжьэгъуэ куэду яІэщ, бзищкІэ хуиту мэпсалъэ.

ЗэІущІэм кьрагъэблагъэ дэтхэнэми я лъэпкъыбзэмкІэ уэрэд яжриІащ уэрэджьыкІуэ ныбжьыщІэ **Аренгольц Сабинэ**. Апхуэдэуи пшыхьэр игъэдахащ Тыркум щекІуэкІа «Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» зэхьыхьэм и лауреат **Къумыкъу Ибрэхьим**.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **Елькъэн Артур** *трихащ.*

# Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхубэм хьащІыныгъэшхуэ ягъэуващ. Щ1ышылэм и 23-м дунейм ехьжащ щІэныгъэлІ, тхакІуэ, КЪР-м литературэмкІэ и къэрал сэнэтІ и лауреат, КЪР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэр.

Балъкъэр тхакІуэ, литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэр 1939 гъэм щэкІэгъуэм и 23-м КЪБАССР-м хьихьэ Іуащхьэмахуэ районым и Былым къуажэм кьыщалъхуащ.

1957 гъэм хэкум къиГъэзэжа нэужь, Толгуров Зейтун КЪБКЪУ-м тхыдэмрэ филологиемкІэ и факультетым и урыс-балъкъэр къудамэм щІэтІысхьэри фІы дыдэу кьиухащ. 1962 гъэм и гъатхэпэм щегъэжьауэ 1963 гъэм и щэкІуэгъэу мазэм нэсыху ар «Коммунизмэ жол» газетым и литературэ лэжьакІуэу щытащ. 1967 гъэм абы щІэныгъэхэм я кандидатым и диссертацэр пхигъэкІащ.

1978 гъэм щегъэжьауэ 1984 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм нэсыху КЪБКЪУ-м литературэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу щытащ. 1992 гъэм КЪБКЪУ-м урыс литературэмкІэ и кафедрэм и профессорым и къулыкъур кьратащ. 1998 - 2007 гъэхэм Толгуров Зейтун КЪБКЪУ-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу, 2009 гъэм щегъэжьауэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академиемкІ и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым балъкъэр литературэмкІэ и секторым и унафэщІу щытащ.

Литературоведенэмрэ художественэ творчествэмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэжьэкІам папщІэ 1989 гъэм абы кьратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр. 1994 гъэм «Типчак щІыу» романым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр кьыхуагъэфащащ.

Толгуров Зейтун илъэс куэдкІэ Іэкіуэльакіуэ лэжьащ, щІэныгъэ Іуэхуэр литературэ творчествэри зэдихьу. Абы щІэныгъэ тхыгъэу 300-м щІигъу, монографиеу, балъкъэр литературэр курыт еджапІэхэмрэ вузхэмрэ зэрыщІагъэдж методикэ тхылъу 16 кьыдигъэкІащ, лъэпкъ литературэр джным, эстетикэ гупсысэм зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм зыщегъэужьыным куэд хищІыхьащ. Толгуров Зейтун и унафэм щІэту кандидат диссертацэу 14, доктор диссертацэу 3 пхагъэкІащ.

Зи зэфІэкІыр нэрылъагъу щІэныгъэлІ, литературэдж, критик, балъкъэр тхакІуэ цІэрыІуэ Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэр Урысей Федерацэм щыпсэу Ільэпкъхэм я литературэм, дунейпсо литературэм фІыуэ щыгъуазэт. Къэхутакіуэ Іэкіуэльакіуэм, прозаикым Кавказ Ищхьэрэм и мазакъуэу абы и щІыбкІи пщІэшхуэ щиІэт.

Толгуров Зейтун и творчествэр балъкъэр литературэм напэкІуэцІ щхьэхуэу хэуващ. Абы и Іэдакъэм расказэхэр, фельетонхэр, повесткэр, романхэр къыщІэкІащ. Абыхэм ящыщ куэд урысибзэкІэ зэрадзэкІащ («Удз плъыжьхэр») (1975 гъэ), «Эрирей» (1975 гъэ), «Пщэдэлъ хужь» (1982 гъэ), «Вагъуэ зэшибл» (1988 гъэ).

Къэхутакіуэ емызэшыж, тхакІуэ Іэзэ Толгуров Зейтун щІэныгъэми творчествэми Іэкіуэльакіуэу икІи ерыщу елэжьыр. Абы и гъащІэ псор лъэпкъ литературэм хуэгъэпсауэ щытащ икІи абы и хуэдизкІэ литературэм хуэгъэпсауэ щытащ. Іэдакъэ ибы и хуэдизкІэ литературэ тхыгъэхэр сытым дежи щІэупщІэ зэрагъэнум щэч хэлъкъым.

Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

**КІуэкІуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТІ., Къуэдзокъуэ М. М., Канунников В. А., Алэкъей А. М., Аттаев Ж. Ж., Уянаев К. Хь.-М., Ацкъан Р. Хь., Берд Хь. А., Беппаев М. А., Беппаев С. У., Битокъу В. М., Бозий Н. М., Вэрокъуэ В. Хъ., Геляхов А. С., Гузеев Ж. М., Гуртуев Э. Б., Дадэ М. А., Дзэмыхь Хь. ФІ., Додуев А. Т., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Иуан П. М., Мыкъуэкъуэ Хь. М., Клевцов М. М., Котляровэ М. А., Къумахуэ М. Л., Мэзыхьэ Б. Б., Малкандуев Хь. Хь., Моттаевэ С. М., Мыкъуэжь А. Хь., Нэхуц З. А., Опрышко О. Л., Пащты Б. С., Созаев А. С., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тхьэгъэзит З. М., Федченкэ Л. М., Фырэ Р. Б., Фырэ М. Д., ХьэкІуащэ А. Хь., Хьэщхьэужь А. Б., ХьэфІыцІэ М. М., Улаков М. З., Ефэнды Дж. Къ.**

# Уэрыш Нурхьэлий Хъызыр и къуэр

Ди лъэпкъ журналистикэм хэщІыныгъэ ин игуэтащ щІ1ышылэм и 25-м дунейм ехьжащ и Іэщ1агъэм илъэс куэдкІэ хуэпэжа Уэрыш Нурхьэлий Хъызыр и къуэр.

Уэрышыр Прохладнэ щІыналъэм хьыхь Къэрэгъэш (Инал хьэблэ) къуажэм 1935 гъэм нахьыгъэм и 12-м кьыщалъхуащ. Курыт школыр хъарзынэу кьиуха нэужь, Тэрч мэкъумэш техникумым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым рэ журналистикэмкІэ и къудамэмрэ щеджащ. КъБКЪУ-м журналист Іэщ1агъэр щызэзыгъэгъэтахэм ящыщу абыкІэ дапщэмыр ящэу зратыжар Нурхьэлий. Университетым къиухыным зы илъэс иІэжу БЛКСМ-м и обкомым ирагъэблагъащ, Бахъсэн щІыналъэм кьыщыдэкІ «Коммунист» газетым 1963 гъэм яшэри, корреспондент, парт Іуэхуэхэмкіэ къудамэм и унафэщІ, редакторым и кьуэдзэ къаІэнхэр илъэс куэдкІэ ирихьэкІащ. ПІощІыгъуэ кІуам и 70 гъэхэм КПСС-м и Бахъсэн райкомым щылэжьащ, профсоюзхэм я район советым и тхьэмадзу щытащ. 1979 гъэм кьыщыщІдзауэ илъэс 20-кІэ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым и редакцэм щылэжьащ, япэщІыкІэ пропагандэмкІэ кьудамэм и корреспонденту, иужькІэ письмохэмкІэ, политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и кьудамэхэм я унафэщІу.

И щІэныгъэм хигъахуэу зэрыпытт: Мэзкуу, Дон Іус Ростов, Краснодар, Ульяновск, Владикавказ къалэхэм курс щхьэхуэхэр кьыщиухащ. Ар филологт, дунейм щекІуэкІ Іуэхуэхэмкіэ лекторт, идеологие лэжьакІуэт, публицистт. Политикэр, цІыхуэхэм я зэхущытыкІэр зыхуэдэнур журналистым куэдкІэ елъытащ. Абы и лъэныкъуэкІэ Нурхьэлий зэхэщІыкІ лъагэ зыбгъэдэлъ, зэуапІныныгъэр зыфІэІэпыкъ, псалъэм хуэсакъ цІыху набдзэгубдзаплъэт. Щ1ытыкІэр пэжу кьызэригъэльэгъуэным, ар бэм я деж зэрынихьэсыным хуэхущІэкъурт. А псор гуфІыгэтэнщэ хуэакъым - «Мамырыгъэр зэкъуэтыныгъэрэ щ1ыІэн папщІэ» республикэ саугъэтыр 1993 гъэм кьыхуагъэфэщащ. КъыкІэлыкІуэ илъэсым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр кьыфІащащ.

Адыгэпсо (Шэрджэс) сэтОпышцхэ махуэгъэпсыр лъэпкъ щІыгъуазэ пэпльэтэщ. Ди лъэпкъэгъуэгъэм я къекІуэкІыкІам, ди зыужьыныгъэм зи гуащІэхуэ хэзыльхьа цІыху щэджащэхэм, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым ятеуохуа тхыгъэ кІэщІ-щхьэкъуэ Нурхьэлийщ.

Нэхъыжьыфу, цІыху гуапэу дунейм тета Уэрыш Нурхьэлий псэухункІэ кьэлэмыр игъэтІылъакъым, ар жьыдэжру цІыхубэм яхуэгъэлэжьащи, апхуэдэуи ди гум кьинэнущ.

***«Адыгэ псалъэ» газетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ я лэжьакІуэхэр.***

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КЪБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программмэхэр къэзыт телекомпаниием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хьыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхыль тедзапІэм «КЪБР-м и цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ1апІэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуащ КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий Хъызыр и къуэр** дунейм зэрехьжар икІи абы и Іыхьлэхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **ТекІуэшэ Артур Александр и къуэм** хуогъавэ абы и шыпхъу **ТекІуэшэ А

# Егъэлеиныгъэм уегъэунэхъу

• Уаз

**КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ диным щымыщ хэзылъхьэми, хэлъыр хэзыхми (ар я нэхъ мащІэ дыдэрауэ щытми) абыкІэ Тхьэм и пащхьэм жэуап зэрыщихьынур.**

ИСЛЪАМ диным хэзыщІыкІым и щІэныгъэр адрейхэм ябгъэдилъхьэн хуейщ, ауэ абы щымыгъуазэм и пщэ дилъхьэж хъунукъым. Сыту жыІэмэ, ар икъукІэ жэуаплиныгъэ ин зыпылъщ икІи шынагъуэ ин щыІэщ апхуэдэхэм цІыхухэр ягъэщхьэрыуэнкІэ.

Мусылъмэныгъэр фІыуэ зылъагъуу, абы тетыну хуей куэд урохьэлІэ диным зэрыхуэнэхъуеиныгъэм ипкъ иткІэ, а Іэхум егъэлеиныгъэ халъхьэу, ауэ езыхэр а псоми щымыгъаззу. Къэсхьынщ щапхъэ зытІущ.Ислъамым дыкъызыхуриджэр сыт? Абы дыхуещІ цІыхум зэрихьэ динми, кьызэхэкІа лъэпкъми емылъытауэ дэтхэнэ зыми я кум мамырыгъэ дэлъын зэрыхуейм. Аллахым къыткхуигъэува мардэм тету муслъымэныгъэр кьабзэу зетхьэн хуейщ, ЛІыкІуэ лъапІэм и суннэтхэр абы дэтІыгъыу. Абы щыгъуэми нэгъуэщІ дин зезыхьэхэми пщІэ яхуэтщІын хуейщ. Ар апхуэдэу зэрыщытпхъэр КъурІэн лъапІэм куэдрэ къыщыкІуащ. Ди жагъуэ зэрыхъэщІ, диным егъэлеиныгъэ хэзылъхьэхэр апхуэдэукъым а Іэхум зэреплъыр.

Нобэкіэ Аллахым и фІыгъэкІэ щІалэгъуалэ куэдым дин щІэныгъэр къалъхьхъэу, ауэ дызыгъэпІейтейращи, абыхэм псоми егъэджакІуэ нэс ягъуэтырыкъым. Апхуэдэхэм зэхащІыхуэкІыр-къым щІэныгъэ нэс зыбгъэдэлъхэри, Іэхум егъэлеиныгъэ хэзылъхьэхэри. Аращи, апхуэдэхэр мэгъуащэри, щыхупІэм къыщохутэ, ящыныкъуэхэри абы йохуэх.

Ислъамым егъэлеиныгъэ хэзылъхьэхэр зэрыунэхъуар, абыхэм ягъэвыжьыну къапэщылІыр къызыхэщ хьэдис пэжу пщІы щыІэщ. Къапщтэмэ, Мухьэммэд бегъымбарым и хьэдисым къыщыкІуащ: «Си Іумэтым нэхьыбэ дыдэу саззрытешынэхьыр - ахэр зыгъэгъуащэу къаухьэну пашэхэращ». НэгъуэщІ хьэдисым ЛІыкІуэ лъапІэм щыжиІащ: «Си Іумэтым псом хуэмыдэу сызытешынэхьыр - жьэкІэ Іэзэ мунафикъхэращ». Мы хьэдисым зи гугъу ищІыр дин щІэныгъэ гуэр зыбгъэдэлъу, и жьэри абыкІэ утІыпщауэ, ауэ щыхъуКІи фІэщхъуныгъэ щІагъуэ имыІэми, щІэныгъэ бэлыхь бгъэдэмыльми, и жьакІуэгъэныкІэ щІыхуэр игъэбэлэрыгъэ, щІызыгъауэхэрщ, егъэлеиныгъэ Іэхум хэзылъхьэхэрщ.

Дин щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щІихьым къиІуэтэжащ: «Зэгуэрым упщІэ къызатащ: «ЦІыхум дин щІызэрихьэкІэ зыгуэрхэмкІэ Іэпэдэгъэлэл ищІыныжрэ Іэхум егъэлеиныгъэ хилъхьэныжрэ дэтхэнэр нэхъ шынагъуэ?», - жаІэри». Сэ абыхэм жэуап естащ: «ПІури хуабжьу узыгъэпІейтейщ, ауэ нобэ диныр къэзыщтэжа щІалэгъуалэм я дежкІэ егъэлеиныгъэр нэхъ шынагъуэщ».

Мэкъуэгъуэ Іэхум къыщыхальхьэкІэ, абы диныр зэрехьэкІ, дин пэжыр зэблехъу. Аращи, цІыхур щхьэунаэуу утыку кІоно, нэхъ Іейжращи, мэунэхъу.

Нэмэз зымыщІ адэ-анэхэр зыбгынэ бынхэр щыІэщ. Сыт хуэдэ дин абыхэм зэрахьэр? Адэ-анэр фІыми Іейми, абыхэм сыт хуэдэ хьэл яхэлъми емылъытауэ, абыхэм я кьэкъыр дэ ди пщэ дэлъщ. Дыкъэзылъхуахэм щабэу дабгъэдэтын хуейщ. Абы и щІыхьэтщ зи гъащІэр Аллахым тІыхь хуэзыщІа Ибрэхьим бегъымбарым и адэм хуиІа щІыткІэр. ПсэухукІэ абы щІыхубэз къызхуриджащ Аллахым и закъуэныгъэм. Абы щыгъуэми и адэр тхьэнэпцІхэм яхуэпщылІу щытащ, ауэ Тхьэм и унафэм ебакъуэу Ибрэхьим и адэм и гуаУэ ищІакъым. Мухьэммэд бегъымбарым жиІащ: «Жэщи, махуи фымыувыІэу нэмэз фщІыми, илъэс псом фынэщІми, КъурІэн лъапІэр фымыгъэтІылъу феджэми, абыхэм ящыщу зыри Аллахым къабыл ищІынукъым фи адэ-анэхэр къыфхуэмыдаРэзыуэ».

Аллахым диным нэхъ кьабзэ щыІэкъым. Абы щымыщ, егъэлеиныгъэ хэзылъхьэхэм дахуэзгъэсакъ.

КъурІэн лъапІэмрэ хьэдисхэмрэ зэи ущагъэуэнукъым. Абыхэм къыткхуагъэув мардэм дэтхэнэ зы цІыхуми дытетыфатэмэ, дин, лъэпкъ зэгурымыІуэхэр щыІэнутэкъым.

• ПщІэну щхьэпэщ

## ЦІэ лъапІэ «Хьэзим»

**КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ: «Аллахь щыІэкъым фІэкІа, щхьэри, нахуэри Абы ещІэ, Ар - ГуащІэгъуащІ, ГумащІэщ. Ар - Аллахыщ, нэгъуащ Тхьэ щыІэкъым Езым фІэкІа, Ар - Пащтыхьщ, Къабзэщ, Дыкъэзыхъымэщ, Дагъуэнщэщ, Псори зыльэкІщ. Ар - ДыкъэзыгъэщІараш, Абы ейщ цІэ лъапІэхэр». (Аль-Хьэшэр сурэм и 22-24 Іэятхэр).**

АЛЫХЬЫМ цІэуэ 99-рэ иІэщ. Нобэ зи гугъу тщІынур Аллахым и цІэ лъапІэхэм ящыщу «Хьэзим»-ращ. Тхьэм и нэфыр зыщыхуа Мухьэммэд бегъымбарым и хьэдисым къыщыкІуащ: «Аллахым цІэуэ 99-рэ иІэщ. Аллахым и цІэ лъапІэхэр псори ззэзгъащІэр жэнэт Іыхьлы хуэнущ». Ди щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, хьэдисым къикІыр Аллахым и цІэр зэдгъащІэ кІудейуэ къэмынэу, дэтхэнэми и мыхьэнэр къыдгурыІуэу щытын зэрыхуейрщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Рэззакъ» цІэм и мыхьэнэр ерыскъыр къыдззытыр Тхьэр зэрыарарщ. «Аль-Іахьэд» цІэм кьожІ Аллахыр зэрызэр, нэгъуэщІ Тхьэ зэрыщымыІэр. «Аль-Хьэзим» цІэ лъапІэм кьожІ «ЛъапІэ», «Ин», «Пэщ» мыхьэнэхэр. КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ мы Іэятыр: «Абы (Тхьэм) и тахъгъэ зэщІеубыдэ уафэхэри щІыпІэри. Ар - Лъагэщ, Лъэщщ».

Мухьэммэд бегъымбарым жиІащ: «ПсалъитІ щыІэщ бззгумкІэ псынщІэу, тэрэззэмкІэ хьэлъэу. Ар - «АлъхьэмдулиллахІ», «АлъхьэмдулиллахыІ Хьэзим» псалъэхэрщ. Абы и мыхьэнэр къыгурыІуэу, ар жызыІэр шэч хэлъкъым жэнэт Іыхьлыуэ зэрыщытынум».

**БЭЛАГЪЫ Шэуки.**

• Щапхъэ

## ПсэкІэ зэпэгъунэгъу

Къэжэр СэфудинИслъэмей къуажэм 1947 гъэм кьыщалъхуащ. Ар зэрысабийрэ муслъымэныгъэм псэкІэ пэгъунэгъуу кьэтэджащ, къэзылъхуахэм диныр зэрахьэу зэрыщытам и фІыгъэкІэ. Сэфудин и анэр еджагъэшхуэу щытащ, и адэр КъурІэн емыджэфами, диныр фІыуэ иІьагъуу, абы кьыгъуэв мардэхэр зэригъэзэщІэным хущІэкъуу псэуащ.

- Сэри, си анэкъилъхуэрэ ди ныбжьыр илъэси 8-м иту нэщІын щІэдзащ. Ди адэм кьилъытэрт дынэщІыну ди ныбжь нэсауэ. КьищынэмыщІауэ, дысабий дыдэу КъурІэным щыщу суро нэхъ кІэщІ цІыкІуэхэр ди анэм дигъащІауэ щытащ, - жеІэ Сэфудин.

Кьуажэ школыр ехъулІэныгъэкІэ къуиуха нэужь, Къэжэрым дзэм кьылыкъу щищащ. ИужькІэ, технологие техникумым щІэтІысхэри, ехъулІэныгъэкІэ кьыучхащ.Ислъэмей къуажэм дэта «Красная Кабарда» колхозым илъэс 25-кІэ бухгалтеру щылэжьащ. Сэфудин и цІэр фІыкІэ кьэдрэ ягъэІуащ, нобэр къыздэсми ар и щытхъукІэ цІыхухэм къаХощ.

Налшык Іэпхъуа нэужь, муслъымэныгъэр нэхъ куууэ зригъэщІэну мурад щищІым, ари абы кьейхъулІащ. Ар ирагъэджащ дин щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Бэлагъы Шэуекъирэ АфІэунэ Гъумарэр.

Къэжэр Сэфудин зыбжанэрэ хьэжыщІ щыІащ. Нобэкіэ Налшык дэт мэжджыдыщхэм и раис-Іимамщ. А кьалэн мыгъэнщІ абы псэ хьэлэлу, цІыхухэр кьыхуэарэзыуэ егъэзащІэ. Сыт хуэдэ Іуэху дин лэжьакІуэхэм кьрахьэжьэми, абы жыджэру хэтщ.

- Куэдрэ сигу кьокІыж си адэм и псалъэ Іущхэр, - къеІуэтэж Сэфудин. - Абы жиІэу щытащ: «Зи щхьэ кьозыхьэлІа цІыхум жэуапептын и пэ кьихуэу, ар зэрыт щытыкІэм ивэ».

А ущием зэрытетым шэч хэлъкъым Сэфудин. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр Аллахым и арэзы щІыныгъэрщ. Дэтхэнэ зыми и щытыкІэм ивэуэр зэрызащІигъэкъуэным ар иужь итщ, псапащІэхэм зэхальхьэ мыльку зыхуэфащэхэм (сымаджэхэм, зыхуэзэфІэмыкІхэм, зеинщэхэм) трегуашэ, щІалэгъуалэм дин щІэныгъэ пэж ябгъэделъхьэ.

Хьэдисхэм ящыщ зым къызэрыщыкІуащи, Іимамым жэуаплиныгъэ ин щехь Аллахым и пащхьэм. Ди гуапэщ узынщагъэ быдэ иІэу Къэжэр Сэфудин и кьалэн мытынщыр иджыри илъэс куэдкІэ ирихьэкІыну.

**Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэщ.**

• Щэхуэр

## Уэри абыхэм уащыщщ

Зэгуэрым Мухьэммэд бегъымбарым уаз иту здэщыцым, зы бедуин щІалэ къыщІыхьащ. ЛІыкІуэм и псалъэр зэпиудри, ар щІэупщІащ: «Уа, ЛІыкІуэ лъапІэ! Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

«Тыс, уазым и кІэм нэс едалуэ», жаІэри лІыр ягъэтІысащ. Аращхьэкіэ, хуэмышІэу, аргуэру щІэупщІащ: «Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

- Сыт и лъэныкъуэкІэ зыхуэбгъэхьэзыра уэ Къемэт махуэм? - щІэупщІащ ЛІыкІуэ лъапІэр.

- Сэ нэмэз схуэщІыркъым, нэщІи схуэІы-гъыркъым, ауэ Аллахь лъапІэр фІыщІэу солъагъу. Мухьэммэд бегъымбарри фІыуэ уэолъагъу», - жиІащ бедуиным.

Мухьэммэд бегъымбарым абы пидзыжащ: «Дэтхэнэ зыри фІыуэ иІьагъум дэщІыгъунущ. Уэри абыхэм уащыщщ».

• Хьэдисхэр

## Уэри абыхэм уащыщщ

Зэгуэрым Мухьэммэд бегъымбарым уаз иту здэщыцым, зы бедуин щІалэ къыщІыхьащ. ЛІыкІуэм и псалъэр зэпиудри, ар щІэупщІащ: «Уа, ЛІыкІуэ лъапІэ! Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

«Тыс, уазым и кІэм нэс едалуэ», жаІэри лІыр ягъэтІысащ. Аращхьэкіэ, хуэмышІэу, аргуэру щІэупщІащ: «Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

- Сыт и лъэныкъуэкІэ зыхуэбгъэхьэзыра уэ Къемэт махуэм? - щІэупщІащ ЛІыкІуэ лъапІэр.

- Сэ нэмэз схуэщІыркъым, нэщІи схуэІы-гъыркъым, ауэ Аллахь лъапІэр фІыщІэу солъагъу. Мухьэммэд бегъымбарри фІыуэ уэолъагъу», - жиІащ бедуиным.

Мухьэммэд бегъымбарым абы пидзыжащ: «Дэтхэнэ зыри фІыуэ иІьагъум дэщІыгъунущ. Уэри абыхэм уащыщщ».

• Фи лъэІукІэ

## Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщІэкІыр | Шэджагъуэр | Ичынджыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, блыщхьэ | 05.52 | 07.22 | 12.29 | 15.03 | 17.16 | 18.56 |
| 2, гъубж | 05.51 | 07.21 | 12.30 | 15.04 | 17.18 | 18.58 |
| 3, бэрэжьей | 05.50 | 07.20 | 12.30 | 15.05 | 17.19 | 18.59 |
| 4, махуэку | 05.49 | 07.19 | 12.30 | 15.06 | 17.20 | 19.00 |
| 5, мэрем | 05.48 | 07.18 | 12.30 | 15.07 | 17.22 | 19.02 |
| 6, щэбэт | 05.47 | 07.17 | 12.30 | 15.08 | 17.23 | 19.03 |
| 7, тхъэмахуэ | 05.46 | 07.16 | 12.30 | 15.09 | 17.25 | 19.05 |
| 8, блыщхьэ | 05.44 | 07.14 | 12.30 | 15.11 | 17.26 | 19.06 |
| 9, гъубж | 05.43 | 07.13 | 12.30 | 15.12 | 17.27 | 19.07 |
| 10, бэрэжьей | 05.42 | 07.12 | 12.30 | 15.13 | 17.29 | 19.09 |
| 11, махуэку | 05.40 | 07.10 | 12.30 | 15.14 | 17.30 | 19.10 |
| 12, мэрем | 05.39 | 07.09 | 12.30 | 15.15 | 17.31 | 19.11 |
| 13, щэбэт | 05.38 | 07.08 | 12.30 | 15.16 | 17.33 | 19.13 |
| 14, тхъэмахуэ | 05.36 | 07.06 | 12.30 | 15.17 | 17.34 | 19.14 |
| 15, блыщхьэ | 05.35 | 07.05 | 12.30 | 15.18 | 17.35 | 19.15 |
| 16, гъубж | 05.34 | 07.04 | 12.30 | 15.19 | 17.37 | 19.17 |
| 17, бэрэжьей | 05.32 | 07.02 | 12.30 | 15.20 | 17.38 | 19.18 |
| 18, махуэку | 05.31 | 07.01 | 12.30 | 15.21 | 17.39 | 19.19 |
| 19, мэрем | 05.29 | 06.59 | 12.30 | 15.22 | 17.41 | 19.21 |
| 20, щэбэт | 05.28 | 06.58 | 12.30 | 15.23 | 17.42 | 19.22 |
| 21, тхъэмахуэ | 05.26 | 06.56 | 12.30 | 15.24 | 17.43 | 19.23 |
| 22, блыщхьэ | 05.25 | 06.55 | 12.29 | 15.25 | 17.45 | 19.25 |
| 23, гъубж | 05.23 | 06.53 | 12.29 | 15.26 | 17.46 | 19.26 |
| 24, бэрэжьей | 05.21 | 06.51 | 12.29 | 15.27 | 17.47 | 19.27 |
| 25, махуэку | 05.20 | 06.50 | 12.29 | 15.28 | 17.48 | 19.28 |
| 26, мэрем | 05.18 | 06.48 | 12.29 | 15.29 | 17.50 | 19.30 |
| 27, щэбэт | 05.17 | 06.47 | 12.29 | 15.31 | 17.51 | 19.31 |
| 28, тхъэмахуэ | 05.15 | 06.45 | 12.29 | 15.31 | 17.52 | 19.32 |
| 29, блыщхьэ | 05.13 | 06.43 | 12.29 | 15.31 | 17.54 | 19.34 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ Іапі эм къыдитащ.*

• Хъыбар кІэщІхэр

### Испанием и мусЛъымэнхэр

**Испанием щыпсэу цІыху мелуан 46,4-м ящыщу мелуан 1,8-м ислъам диныр зэрахьэ. Ильэс къэс а бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ.**

НОБЭКІЭ а къэралым щоджэ мусЛъымэн школакІуэ мин 281,7-рэ. 2016 гъэм Рэмэдан мазэр щиухымрэ еджакІуэхэм я экзамен тыгъуэмрэ зэрызэтехуэм ипкъ иткІэ, Испанием щыпсэу мусЛъымэнхэм ЩІэныгъэхэмкІэ министерствэм лъэІукІэ зыхуаГъэзащ экзамен щатыну пІалъэр хуагъэІэпхъуэну.

### Шэшэным иджыри щаухуэ

**ЦІыху мин 20 зэуэ щІэхуэу Шэшэным щаухуэ мэжджытышхуэр нагъэблэгъащ. Ар 2012 гъэм кърагъэжьащ.**

КЪЭПЩЫТАКІУЭХЭМ зэрыжаІэмкІэ, Шэшэным щаухуэ мэжджытыщІэр дуней псом щынэхь ин дыдэхэм хабжэнущ. Тхьэм и унэм Кадыров Рамзан и цІэр зэрихьэнущ. Аращ иджыпсту Шэшэным и Іэтащхьэр икІи ухуэнысгъэр зи жэрдэмыр.

Мэжджытым и лъагагъэр метр 36-рэ мэхъу. Азэн джапІэхэм метр 64-кІэ заІэтащ.

**Нобэ щыщІэдзауэ «Ислъамым и нурым» теддэзнущ Аллахьым и лыкІуэхэм ятеухуа хъыбархэр. Ахэр я Іэдакъэщ Іэкіщ муслъымэн дин тхакІуэ щІэрыІуэхэу Фания бин Мухьэммэд аль-Маккирэ Булгари Хъайдаррэ. Адыгэбзэм къидгъэзэгъа Іэдэм и деж щегъэжьауэ Мухьэммэд и деж щиухыжу бегъымбар лъапІэхэм я хъыбар гъэщІэгъуэнхэм кьахуэщхьэпэн куэд ди щІэджыкІакІуэхэм къызэрыхахынум шэч къытетхьэркъым.**

Алыхьым и ЛІыкІуэхэм я Іуэхущ Іапі эм

### Дунеймрэ цІыхумрэ къызэригъэщІар

ЦІыхур къигъэщІын ипэкІэ Аллахь Лъагэм къигъэунэхуащ уафэмрэ щІыпІэмрэ, Жэнэтымрэ Жыхьэнмэмрэ, нэхум - мелыІычхэр, мафІэбзий къабзэм жинхэр къыхигъэкІащ. Жинхэм Аллахым цІыхур къигъэщІыным куэд иІэжу дунейм къытригъэхьащ икІи Аллахым и Іэмыркіэ Абы щІым зыщІыхуагъэщхьырт. Хуэмхуэмурэ жинхэм къахэкІ хуащ щІым напэнщагъэм зыщезыгъэубгъу, щым адрейр иукІыуэр. Аллахым и ячэрыгъэкІэ мелыІычхэр щІым къехащ, ар зэІуэзпэщ ящІыжьын папщІэ. Жинхэр щынэри зэбгрыщІажащ, мелыІычхэм Іиблис жиныр гъэру яубыдащ, абы щыгъуэм ар цІыкІуу. Ар абыхэм уафэм къыздащтащ икІи Іиблис мелыІычхэм яхэту къэхъуащ, Аллахь Лъагэм зэрызэхуагъэщхьым щапхъэ трихыу икІи абыкІэ екъулІэныгъэ инхэр зыІэригъэхьащ.

И Іуэху нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым - цІыхур къигъэщІыным - Аллахь Лъагэр щІопэрыхьэну сыхьэтыр къэсащ. Апхуэдэ мурад ищІауэ мелыІычхэм яжриІащ:

- Сэ цІыху къэзгъэщІынурэ си лІыкІуэу щІым згъэкІуэнщ.

Мелыйычхэр яГъэщІагъуэу Абы еупщІащ:

- Жинхэм хуэдэу Іуэхугъуэ Іейхэр, уебгъэмэ укІигъэхэр, зылэжьынур Уи лІыкІуэу бгъэкІуэну ара? Дэ - мелыІычхэр - дыщІэщ икІи увыІэгъуэ димыІэу Уэ дыпщотхъу икІи Уи пщІэр доІэт.

Аллахь Лъагэм ищІэрт, Абы и мелыйыч пэжхэм зэкІэ къаэзрыгурымыІуэр Абы - Аллахьым - псэущхьэ щІэ дыдэ - цІыху - къыщІигъэщІын и щхьэусыгъуэмрэ мурадымрэ. Жинхэми хуэдэу, Абы цІыхухэм я натІэм иритхащ Езым и Закъуэ зэхупщылІын, Абы фІэфІ Іуэхухэр илэжьын папщІэ къызэригъэщІар. Мелыйычхэм ящІакъым, ауэ Аллахьым ищІэрт, абы и Іущагъэр щІагъуэ щІыпІэ зыщІыхуагъэщІа. Диныр зи фІэщ хъуэхэм КъурІэным хъраджыкІауэ ящІэ Аллахьым цІыхухэр щІым къыщІигъэхар игъэхутэну зэрыарар.

Мелыйычхэр ирипагэртэкъым нэхум къызэрыкІыкІам икІи КъэзыгъэщІам емызэщыжу хуэпщылІыным я гъащІэр зэрытеухуам папщІэ. Ауэ абыхэм ящІэрт мафІэм къыхищІыкІа жинхэр сыт щыгъуэ ахуэдэ хуэпщылІыныгъэм зэрыхэмытыр, икІи ягъэщІагъуэнущ, ар Аллахьым нэхъыфІу ещІэ, я Тепщэм жинхэм хуэдэ гуэр къигъэщІыну мурад щищІам.

Аллахьым абыхэм мыпхуэдэ жэуап яритащ:

- Сэ сощІэ фэ фымыщІэр.

Апхуэдэ унафэ иныр Аллахьым къищтащ, Абы къигъэщІыну мурад ищІа цІыхур щІэныгъэм, Аллахь Лъагэм и хабзэхэр зыгуригъэІуэну хущІэкъуфын. ИкІи Аллахьым илэжьащ мелыйычхэм яжриІар. Абы япэ цІыхур - Іэдэм - ятІагъуэ жьгъырум кьэхищІыкІащ, теплъэ дахэ иритри псэ хильхьэжащ, нэгъуэщІу жьыпІэмэ и Іэпкъ-лъэпкъыр къигъэпсэуащ.

Аллахьым щІыр щызэригъэпщІым, Ар хущІэкъуащ цІыхум и зэІуэзпэщыныгъэм икІи Іэмэпсымэ телъыджэ - ятІагъуэ - тыгъэхуищІащ, унагъуэм къыщигъэсэбэпын папщІэ. ПІэщІыгъуэ куэд хуэуэу цІыхухэм ятІагъуэм куэд дыдэ кьыхащІыкІ - къэкъущкьым къыщыщІэдзауэ унэ лъагэхэм нэс. ЦІыхум и дежкІэ ятІагъуэр зыкІи пхъуэж мыхъун Іэмэпсымэ хуащ. Ауэ цІыхухэм хьэпшыпхэм псэ яхухэльхэркъым икІи Аллахь Лъагэм и закъуэщ гъащІэ езыту псэ хэзылъхьэр. Ардыдэращ щыхуейм и деж ар Іызыхэкри.

ГъащІэ кьезыт къарур - Аллахьым къыбгъэдэкІа псэр - Іэдэм и щхьэм щынэсым, иужьыр кьепсащ икІи Аллахьым къужьэдилъхьэри, жиІащ:

- Щытхъур Аллахьым ейщ, Дунейхэм я Тепщэм!

ФІыуэ илъэгъуа къигъэщІар Аллахьым иригъэблагъащ:

- Аллахьым кьыбгъэдэкІыу мамырыгъэрэ арэзыныгъэрэ уиІэну!

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Іэдэм къигъэщІащ икІи Аллахь Лъагэм абы иригъэщІащ хьэпшып псоми я цІэр. Ахэр япэ цІыхум, мелыйычхэмрэ жинхэмрэ ядэщІыгъуу япэу къигъэщІам, Аллахьым апхуэдэ пщІэ зыхуищІам и япэ щІэныгъэт. ЦІыхухэм жинхэр ямылъагъуу Абы ищІащ.

Аллахьым и мелыйычхэм яжриІащ:

- ЩІым си лІыкІуэу щыІэн папщІэ цІыхур къызэрызгъэщІар ипэжыпІэкІэ тельыджэ фщыхьуамэ, хьэпшыпхэм я цІэхэр къифІуэну фыкъыхуэзоджэ. Фэ фщІэрэ ар?

Мелыйычхэм, укІытаУэ, я Тепщэм жэуап ираташ:

- ФІыщІэр Ууейщ, да тщІэр Уэ дэбгъэщІаращ, Уэ - УІущщ, Уэ - Псори зыщІэщ.

ИужькІэ Аллахьым Іэдэм, мелыйычхэм нэхъэр куэдкІэ нэхъыбэ зыщІэм, зыхуигъэзащ.

- Іэдэм, Си мелыйычхэм хьэпшыпхэм я цІэхэр жжеІэт!

Хьэпшыпхэм я цІэхэр Іэдэм къриІуащ. Я Тепщэм и инагъымрэ Іущагъымрэ мелыйычхэм зыхуагъэщхьащ. Абы къажриІащ:

- Сэ фэ фжесІат, Сэ сщІэ псори фэ зэрымымщІэр! Фэ фщІэркъым цІыхур - щІым лІыкІуэу щызэІэнур - къыщІэзгъащІам и щхьэусыгъуэр. Иджы абы зыхуэбгъэщхъ, цІыхум фэ нэхърэ нэхъыбэ ещІэ, и щІэблэри щІэныгъэм хущІэкъуныщ, Си хабзэхэр зыхихщІэн папщІэ!

### Іиблис зэрызыхахуар

Мелыйычхэм Іэдэм зыхуагъэщхьащ, ауэ абыхэм яхэта Іиблис зэуэзэпсэу Аллахьым и унафэм пэуваща икІи жиІащ:

- Уэ ятІэм къыхэпщІыкІа цІыхум сэ зыхуэзгъэщхьынукъым! Сэ абы софІэкІ - Уэ сэ мафІэ къабзэм сыкъыхэпщІыкІащ.

Іиблис пагагъэм зэщІищтэри, епцІыжаКІуэ хъуащ. Мелыйычхэр Аллахьым жыІэщІэу къигъэщІат, цІыхум и закъуэт ищІынумкІэ хуитыр. ЩІэныгъэр - Аллахьым и тыгъэ инщ. Тэмэму къэзыгъэсэбэпын и дежкІэ ар Жэнэтым хуэзышэ гъуэгугъэлъагъуэщ. Езым зиІэтын къудей мурадкІэ щІэныгъэм хущІэкъум и кІэухэр Іейщ, Аллахьым хуэзышэ гъуэгум къыщымыгъэсэбэпынымэ.

Іиблис Аллахьым хуэжьІэщІэ хъуакъым, Аллахьым и жьІэр зэи тІу зымышІа мелыйычхэр, Аллахь Лъагэм къыхуищІа пщІэм и лъагагъэр зыхэзыщІа Іэдэм щыту.

Аллахьыр къигъэщІа Іиблисым игъэгубжьащ икІи абы жриІащ:

- ЗыгъэкІуэд! - икІи зыхихуащ.

Апхуэдэ зыхэхуныгъэм къикІырт Іиблис фІэщхъуныгъэ зыхэмылъыж хъуауэ. Ауэ жиным ищІэрт Аллахьым сытри зэрыхуэзфІэкІыр, Ар абы и Тепщэу зэрыщытыр. Абы Аллахьым зыхуигъэзащ:

- Си Тепщэ! Гъуэгу захуэм Уэ сызэрытебгъэкІам къыхэкІыу, тхъэ соІуэ, Іэдэмрэ абы и щІэблэмрэ Уи гъуэгу захуэ пэжым ирикІуэнымкІэ зэран сахуэхъуну, ахэр гъуэгум къытесшыну икІи Іэмал псори къэзгъэсэбэпу щызгъэзуэну. Къэмэт махуэр къэсхуукІэ си пІалъэр схуэгъэІэпхъуэ!

Аллахьым ар зыщІэлъэІуа зэманыр иритащ - Аллахь Лъагэр я фІэщ зэрыхъум и быдагъыр къызэрапщытэ Іэмал хъуащ Іиблис къызэрыдихьэхэм зэрыпэщІэтыф щыкІэр. Япэу къигъэщІа Іэдэм къытехъуакІыа цІыхухэм загуэшащ Аллахьым и лъэужьым иувэу Абы жыІэдаІуэ хуэхъуаХэмрэ Іиблис кІэлъыкІуэхэмрэр. Япэхэм я гъащІэр ягъакІуэ Аллахьым зэрыфІэфІым хуэдэу тхъэ елъэІуу, псапэ ящІэу. ЕтІуанэхэр Іиблис хуэдэу мэпсэу - диныншэу, гуэныхьыщІэу, Аллахьым фІыщІэ хуамышІу.

Апхуэдэу Іиблис къыхахуащ Аллахьым и нэфІыр зыщыхуахэм.

*Зэзыдзэкіар* **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

**(КъыкІэлъыкІуэнщ).**

# МафІэдз Сэрэбий траухуэ

**Сурэтыщі гъаздэжэмкІэ музейм щекІуэкІащ Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къызэригъэпэща «Къэухь» тхыльеджэ пэублэ зэхуэсыр. Зэхьихьэр иригъэкІуэкІащ Адыгэбзэ Хасэм хэт, Бизнесымкіэ институтым и егъэджакІуэ ХьэцІыкіу Рае.**

АДЫГЭБЗЭ Хасэм и унафэщІ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и лэжьакІуэ Табыщ Мурат зэхуэсым кьрихьэлІахэм фІэхъус гуапэ яриха ныэжь, тхыльеджэхэм я зэхихьэр ксыщІыхьахьам и щхьэусыгъуэм кьытеувыІащ. Апхуэдэу къигъэльэгъащ курыт еджапІэм щыщІэса зэманым тхылъыщІэхэр кьуажэдэс щІалэгъуалэр еджауэрэ щытепсэлъыхьыж, щызэпкърахьж, зыхуиша гупсысэ кІапэлъапэхэмкІэ щызэдгуашэ зэІуплІэ щхьэпэу я егъэджакІуэхэм яублауэ щытар къэгъэщІэрэщІэжьыныр и чэзуэу я хасэм хэтхэм къызэральытар. Табыщым зэрыжиІэмкІэ, адыгэ тхакІуэхэм лъэпкъ тхыдэр и лъабжьауэ я Іэдакъэ щхьэщІэкІа тхыгъэ зэхьихьэм дапщэщи хуэдэу щІэблэр щІэпыкІынырр игъуэщ, а тхылъым ит гъэсэныгъэхэм, хабзэ дахэхэм зыхагъэгъуэзэн, Іущагъэрэ акъылрэ зыхалъхьэн, блокІам дерс кьыхахьыфын папщІэ. Табыщ Мурат жиІащ тхылъеджэхэм я ятпэ зэхуэсыр адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ МафІэдз Сэрэбий и «Гъыбзэ хуэфащэ», «Мыщэ лъэбжьанэ» роман-дилогием зэрытраухуар. А псом кьыдэкІуэу щІигъэщащ Адыгэбзэ Хасэм нэхъапэІуэкІэ кьыхилъхьа кьэщІэрейхэмрэ гушыІэрейхэмрэ я «Джагурэщ» зэпеуэм хуэдэу, республикэм и щІалэгъуалэр нэхъыбэрэ зэхьихьэныжькІэ, зэрыщІыхуныжькІэ, зэрыльагъуныжькІэ, зэрыльытныжькІэ тхылъеджэ зэхьихьэри къэщхьэпэну зэрыщыгугъыр.

МафІэдз Сэрэбий кьыщыхъуа Джэрмэншык жылэм дэт курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ щезыгъаджэ ГъукІэпщокъуэ Іэсият я кІуэжэгъу тхакІуэм и тхыгъэкІэ «Къэухь» тхылъеджэ зэхуэсыр кьызэрызэІуахар зэригуапэр кьыхигъэщащ икІи фІыщІэ яхуищІащ зэхьихьэр кьыхэзылъхьахэм, ар лъэпкъым тхуэфІыну, тхуэмахуэну зэрыщыгугъыр щІигъужащ. ЕгъэджакІуэмрэ 9-нэ классым щІэс и ІэсэныкІмрэ кІэщІу кьытеувыІащ МафІэдз Сэрэбий и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ.

Зи сабиигъэр зауэ зэман гугъуэм хиубыда МафІэдзыр щІэныгъэм хуэнэхъуеиншэу кьэхъуащ. Курыт еджапІэр кьиуха ныэжь ятпэщІыкІэ Налшык дэт педучилищэм, кьыкІэлъыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым урысибзэмрэ адыгэбзэмкІэ и кьудамэм ехьулІэныгъэ иІэу щеджащ. Джэрмэншык кьуажэ курыт еджапІэм егъэджакІуэу зДолажьэм ар КЬР-м и Пъэпкъ музейм кьэхутакІуэу ирагъэблагъащ. А илъэсхэм Сэрэбий зэхуихьэсыжащ адыгэм и гъащІэм ехьэлІэхэр, лъэпкъым кьикІуа гъуэгуанэр, зэрахьэу щыта хабзэхэр, гъэсэныгъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым илъэс кІэдкІэ щылэжьащ щІэныгъэлІыр, лъэпкъ тхыдэмрэ Іуэрыіуатэмрэ ехьэлІахэр зэхуихьэсыжу. ТхакІуэм хуэфащэ цІэрэ щхьэрэ иІэу псэуащ. Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор щыхьыщІэр зезыхьэу Джэрмэншык кьуажэм ятпэу кІыдэкІар МафІэдз Сэрэбийщ. ТхакІуэм и гуащІэм тІэунейрэ кьыпэкІуащ КЬР-м и Къэрал сауГэстыр, Кьандур Мухьэдин и цІэкІэ ягъэуза дунейпсо сауГэстыр, республикэм и Правительствэм и щІыхь тхылъыр. Апхуэдэу кьысфІащащ «КЬР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр. ЩІэныгъэлІ гъуэзэджэм цІыху щэджащэ кьищІыкІащ, тхылъ купщІафІэ куэд и Іэдакъэ кьыщІэкІащ. Цыху лъэужьыфІэм кьыщІэна тхыгъэхэм ноби щІэупщІэ яІэщ, зэІэпахыу йоджэ. МафІэдз Сэрэбий и Іэужьхэм цІыхубэр ирогушхуэ, тхакІуэр ящыгъупщэркъым.

НобыщыщІэхэр тепсэлъыхьыжащ «Гъыбзэ хуэфащэ», «Мыщэ лъэбжьанэ» роман-дилогием кьыщыІэта Іуэхугъуэхэм, адыгэ гъащІэм хэта хабзэхэм, гъэсэныгъэм. Зэрауб зыхуам тету, ныбжьыщІэхэмрэ абы я егъэджакІуэхэмрэ нэхъ зыубгъуауэ кьытеувыІащ роман-дилогием кьыхущ гъуэгуанэм, зэманым, лъагъуныгъэм. ЩІалэгъуалэр зэдгъэушащ тхыгъэм зыхуиша гупсысэхэмкІи.

Еджакіуэхэм я гупсысэм кьыхэщырт ди лъэпкъ тхыдэм набдзэгубдзаплъэу зэрыпхрыплъыр, ди хабзэхэр зэманым, нобэрей гъащІэм кьегъэзэгъауэ хъумэныр зэрафІэкъабылыр. НыбжьыщІэхэм жаІащ я лъэпкъ тхыдэм, хабзэхэм зэрыдахьэхыр, абыхэм ехьэлІа щІэныгъэ ябгъэдэлъныр кьащхьэпэну кьызэральытэр. КьыхэгъащІыпхъэщ зэхьихьэм хэта еджакІуэхэм адыгэбзэ дахэ зэралурылъыр, кууэ зэрыгупсысэр. Гуапэщ щІэблэр лъэпкъ литературэм зэрыпэмыІэщІэр, зытепсэлъыхьа роман-дилогием кьыщыІэта Іуэхугъуэхэм зэрагъэпІейтейр, я Іуэху еплъыкІэ зэрагъэкІыр.

Тхылъеджэ зэхуэсым хэтащ КъБКъУ-м и доцент, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Кьэмбэчокъуэ Риммэ, Аруан районым егъэджакІуэхэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ АфІэунэ Мухьэдин, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэ Хьэмту Кьадир, Адыгбзэ Хасэм хэт, Налшык кьалэм и гимназие №14-м и егъэджакІуэ Багъ Марьям, Дзэлыкъуэ, Бахьсэн, Аруан, Шэджэм, Лэсхэн, Тэрч щІыналъэхэм я курыт школхэм я 9-10-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ, МафІэдз Сэрэбий и лэжьыгъэхэм дихьэхэр, адыгэ тхакІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІа художественэ тхыгъэхэр фІыуэ зыпІэгъуэр.

Адыгэбзэ Хасэм и мурадщ дяпэкІи тхылъеджэ зэхуэсхэр иригъэкІуэкІыну, щІалэгъуалэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм трагъэпсэлъыхьыну. Абы ехьэлІауэ зэІуплІэм кьеКІуэлІа егъэджакІуэхэм зэдзаРзэІуэ кьыхагъэщащ илъэс зыбжанэ хъуауэ кьыхэзрамыгъэпэща мыпхуэдэ зэхьихьэм гъэсэныгъэ я лъэныкъуэкІэ мыхьэнэзшхуэ зэрагъэІэр, нэхъыбэрэ зэхуэсым зэрыхуейр.

Зэхуэсым жыдэжру хэта егъэджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ Адыгэбзэ Хасэм кьыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр иратащ. Зэхьихьэр игъэдэжащ уэрэджьІакІуэ ныбжьыщІэ Къэзэр Албэч.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Адыгэбзэ Хасэ

Зэхьихьэр щекІуэкІым.

Табыщ Мурат и псалъэ.


Зэхуэсым жыдэжру хэта ныбжьыщІэхэр.



# Фэбжь хэзыххэр нэхъ мащІэ мэхъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал автоинспекцэм щекІуэкІащ 2015 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуахэм щыхэплъэжа зэІуплІэ. КЬР-м и автоинспектор нэхъыщхьэ полицэм и полковник Бэджыдэ Юрий кьыхэрыхигъэщамкІэ, 2012 гъэ лъандэрэ автомобиль зэжьхэхэуэу къэхъур, гъуэгу-транспорт къэхъуакъащІэхэм хэкІуадэхэр, фэбжь хэзыххэр нэхъ мащІэ зэрыхъум хуэдэщ иджыри.**

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІым и кьуэдзэ полицэм и полковник **Кулиев Валерий** кьыщыпсалъэм кьызэрыхигъэщамкІэ, 2015 гъэм КЬР-м и щІыналъэм гъуэгу-транспорт кьэхъукъащІэу 716-рэ щыІати, абыхэм цІыхуи 168-рэ хэкІуэдащ, 828-м фэбжь ягъуэтащ, 2014 гъэм еплъытмэ, апхуэдэ насыпншагъэхэм я бжьыгъэм кІэрыхуащ (гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэхэм процентри 7,6-кІэ, хэкІуадэхэм процентри 9,7-кІэ, фэбжь зыгъуэтахэм процент 15,5-кІэ). Транспорт зэжьэхэуэхэм сабийуэ хэкІуадэр процент 13,2-кІэ ехащ. Республикэ псом а бжьыгъэхэр нэхъ мащІэ щыхъуами, Налшык кьалэм, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж, Май, Бахьсэн районхэм щыхэхъущ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КЬР-м щыІэм и ятпэ кьуэдзэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч** жиІащ 2016 гъэм Къэрал автоинспекцэм лэжьыгъэшхуэ кьызэрыпэщылъыр. Гъуэгум зэрыщызэкІуэм ехьэлІа гугъуехьэр зэфІэха щыхъунур полицэм и кьулыкъу псори зэгъэуІуауэ зэдзэлажьэщ.

**УАРДЭ Жансурэт.**

● Тэрч щІынатъэ

# Нэхъыжьхэр гулъытэ щыщІэркъым

**Тэрч районым къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранэр илъэс лэжьыгъэм кьрикІуахэм хэплъэжащ. Мы организацэм кьызэщІеубыдэ пенсионер 257-рэ, зауэ Іуэхуэхм хэтауэ 37-рэ, ныкъуэдыкъуэу 32-рэ.**

ЗЭІУЩЭМ кьрихьэлІащ Урысей МВД-м Тэрч щІыналъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ полицэм и полковник **Жылау Хьэсэнбий**, КЬР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ Іэнатіэхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм и советым и тхьэмадэм и кьуэдзэ отставкэм щыІэ милицэм и полковник **Нартокъуэ Валерий**, советым и президиумым хэт **Черновэ Алёнэ** сымэ.

Илъэс кІуам я лэжьыгъэм кьрикІуахэм зэпкърыхауэ кьытеувыІащ Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Хьэрыпхъу Ахьмэд**. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, гулъытэ хэха ящащІ мы Іуэхугъуэхэм я лэжьакІуэщІэхэмрэ районым и щІалэгъуалэмрэ гъэсэным, ветеранхэм ядэІэпыкъуным, хуэныкъуэхэм мылъкукІэ защІэгъэкъуэным.

Ветеранхэр жыдэжру хэтащ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм. Тэрч милицэм и тхыдэр нэщІысауэ зэфІагъэувэжащ, а лэжьыгъэм кьрикІуахэр кьытрадзащ район газетым.

Советым и нэІэ тригъэтщ Тэрч дэт интернатымрэ Новэ Хьэмидей кьуажэм щыІэ школ-интернатымрэ. Ветеран гупым я жэрдэмкІэ 2015 гъэм Тэрч, Налшык, Май, Прохладнэ кьалэхэм щыІэ Іуэхугъэпіэ зэмылІужьыгъэхэм ведомствэм и пенсионер 41-м Іэнатіэ кьыщыхуагъэтащ.

Урысей МВД-м Тэрч щІыналъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ полицэм и полковник Жылау Хьэсэнбий щыналъэм хабзэр щызыгъэзэщІа. Жылау Іуэхугъэ жыдэжру хэт ветеранхэм фІыщІэ яхуищІащ. КьызэгъэпэщакІуэ, жэрдэмщакІуэ емызэш Хьэрыпхъу Ахьмэд зи унафэщІ организацэм и лэжьыгъэм дызыхьха илъэсыщІэми кьыпищэну зэрыщыгугъри кьыхигъэщащ.

ЗэІущІэр Іуэхугъуэ гуапэкІэ иухащ. Нэхъыжьхэм ящыщу зи кьалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэрыпхъу А., Сэтибал А., Кьущхьэбий М. сымэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ органхэмрэ къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ я ветеранхэм и Урысей советым и фІыщІэ тхылъхэр иратащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Къалэныншэ лъэхъэнэр иухрэ?

● Футбол

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым пашэныгъэр щызыІыгъ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ тренерхэмрэ я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр яухри, бэрэжьей кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыщызэхуэсыжащ. Ятпэ мазэуищэр трагъэкІуэдащ спортсменхэм я узынщагъэр кьэпщытэным. АдэкІэ зыгъэсэныгъэхэм щІадзэнущ.**

ФИГУ къэдгъэкІыжьнщи, Урысей Федерацэм футболымкІэ зэхьэзэхуэхэр бжьыхьэ-гъатхэ гъэсыпкІэм теуиужьрей илъэсхэм йокІуэкІ. 2015/2016 гъэхэм я зэпеуэм и ятпэ Іыхьэр «Спартак-Налшыкым» фІы дыдэу кьрихьэлІащ. Зэхэта джэгуГуэ 16-м ящыщу 13-м ди щІалэхэр щынэхъыфІащ, 2-м щызэрытегъэкІуакъым икІи зэ закъэущ кьызэрыщыкъагъэщІар. А псомэ я фІыгъэкІэ налшыкдэсхэм зэхьэзэхуэм бжьыпІэр щІадзыщ. Ящыкъытым ахэр очкоищкІэ ятпэ ищащ, зы джэгуГуэкІэ нэхъ мащІэ ирагъэкІуэкІа пэтми.

Къэдым ящІэжу кьыщІэкІынщ илъэсит I ипэкІэ «Спартак-Налшыкыр» езыр-езыру ятпэ дивизионым кьыхэхьыжу етІуанэм кьызэрекІуэтэхар. ЩхьэусыгъуэгуР гъуэгуанэ кІыхь (Калининград щыщІэдзауэ Владивосток нэс) зэрызэпачын мылъку зэрамылъэт. КъуэкІыпІэ Жыжьэм зэ кІуэн папщІэ налшыкдэсхэм сом мелуанитІым щІигъу трагъэкІуэдэн хуейт. ЕтІуанэ дивизионым Іуэхур щынэхъыныщ - абы зэхэзэхуэр щыпсэу щІыналъэм теухуауэ щыгъэшащи, гъэзгупщІэу ихьыр хэпщІыкІыжу нэхъ мащІэщ. Арщхьэкіэ «Спартак-Налшыкым» и зэфІэкІымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэм я хьэпсэлІэхэмрэ иджыпсту зыхэт зыкъфынут.

Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэм щыгугъэу кьыщІэкІынущ «Спартак-Налшыкым» и унафэщІхэр. Мы илъэсым и пэщІэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий аскэр ІущІащ икІи я зэфІэкІым елъытауэ ищхьэкІэ дэкІуэтеинумэ, щІэгъэкъуэнгъэ зэрагъэтынур кьыгурагъэІуащ. Абы щыгъуэми Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр Мутко Виталий ІущІэу, ятпэ дивизионыр гупищу зэпадмэ зэрынэхьыбфІыр гуригъэІуэну ди республикэм и унафэщІым пылъкІэ зыхуагъэзащ. А жэрдэмыр УФ-м и адрей субъектхэм я Іэтащхьэхэми зэрыдаІыгъынум шэч хэлъкъым, сыти жыІи, футболыр цІыху мелуанэкэр дзэныхэщ.

ГурыІуэгъуэ кьызэрыщІыхъуамкІэ, зы кьалэни имыІэу «Спартак-Налшыкыр» Урысей Федерацэм и футбол лъащІэм зэриса лъэхъэнэр иухащ. Иджы ар щІэбэн хъунущ уяІэ ящІэнкІэ, ищхьэкІэ зэрыдэкІуэтеинум щымышынэу. Абы папщІэ зыхуеину псори щыІэщ... Мылъкум кьищынэмыщІа. Ауэ ятпэ дивизионыр ягуэшмэ, ари нэхъ къэгъуэтыгъуафІэ хъунущ, иджыри къэс ягъэкІуэдам куэдкІэ зэрыщхьэщымыкІынум кьыхэкІыу.

ЗэрызиІэтынум и лъабжьэр «Спартак-Налшыкым» игъэтІылъакІэщ. Абы иджыпсту щыщІэзыгъэщ зэфІэкІ хьэрзынэ зиІэ футболистхэр. Пэжщ, джэгуПІэ губгъуэм кьихьэхэм я нэхъыбэр зэкІэ нэгъуэщІ щыпІэм кьрашахэрами, абыи зы Іэмал гуэр кьыхуагъуэтынщ.

Ди командэр отпуск нэжьым кьызэхуэсыжа къудейщ икІи абы кьыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу пщІыну пасэІуэщ. ЗэкІэ зи хъыбар кьэІуар гуащІэхэтет Городовой Алексей и закъэущ - Тулэ и «Арсенал»-м яшауэ кьыщыкІэлъоплъ.

«Спартак-Налшыкым» профессионал футбол клубым и генеральнэ директору иджыблагъэ Бышэн Азрэт зэрагъэувами гугъэфІхэр уеГэщІ. Гуп лъэрызехьэхэм хэту топ мыджэгуами, а спорт лІэужьыгъуэм абы лъагъуныгъэшхуэ хуиІэщ икІи КЬР-м и Правительствэм и кьуанэдэм и пашэу утыку кьихьэ зэпытщ. Республикэм финансхэмкІэ и министру, къэрал мылъкур зэригъэкІуэу зэрыщытам и сэбэпи иджы зыпорыхьэ Іуэхум екІын хуейщ.

Аращи, и гугъэфІхэр кьэщІэрэщІажауэ «Спартак-Налшыкым» зыгъэсэныгъэхэм щІедзэж. 2015/2016 гъэхэм я зэхьэзэхуэм щыщу кьыхуэнэжа джэгуГуэи 10-р жэуапльныгъэшхуэ пылъу абы иригъэкІуэкІыну дыщогугъ. Апхуэдэу кьэхъумэ, ятпэ дивизионыр ди Іэрылъхьэщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# Болэ Руслан Зэныбжьэгъугъэм и кубокыр етІуанэу къехь

Болэ Руслан *(я кум дэтщ)* и ныбжьэгъуэхэм я гъусэу екъулІэныгъэр егъэлъапІэ.

**Къэрал ЩхьэхуитхэмрэЗэныбжьэгъугъэм (СНГ) и кубокыр кьэхьыныжкІэ щІалэгъуалэ гуп кьыхэхахэм футболымкІэ я зи чэзу зэхьэзэхуэр Санкт-Петербург вэсэмахуэ щиухащ. Урысей Федерацэм и командэ нэхъыщхьэм хэту абы текІуэныгъэр щызэІэригъэхьащ ди лъахэгъу Болэ Руслан.**

ГУПХЭМ щекІуэкІа зэпеуэхэм ятпэ увыпІэхэр кьыщызыхьа Урысей Федерацэмрэ Молдовэмрэ я командэ кьыхэхахэр финалым щызэІущІат. Болэ Руслан зи гъуащхьауэ ди къэралым и щІалэгъуалэ гупыр я хьэрхуэрэгъуэхэм хэпщІыкІыу ефІэкІащ икІи 4:2-уэ текІуэри, Зэныбжьэгъугъэм и кубокымрэ дыщэ медалхэмрэ зыІэрагъэхьащ.

Адыгэ щІалэм ар и етІуанэ екъулІэныгъэшхуэщ. Илъэсищ ипэкІи Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэ гупым хэту абы Зэныбжьэгъугъэм и кубокыр зыІэригъэхьауэ щытащ.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, Болэ Руслан футболым зыщыхэугъэсари, тол джэгун щригъэжьари «Спартак-Налшыкыр». ИужькІэ ар зыхагъэхьащ премьер-лигэм зыкъыщызыгъэпЪагъуэ «Краснодар»-м. Абы Астрахань и «Волгарь»-м бэджэнду ІпІалъхІэ иритыжауэ ятпэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хэтщ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Налшык къалэ

# Гулъытэм хохъуэ

ЗИ НЭМ фІыуэ имыльагъуэр я Урысей зэгухьэныгъэм и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и унафэщІ Шэрджэс Ларисэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, мы зэманым Налшык щыщу учётым щытщ зи нэм имыльагъу цІыху 800-м нэблагъэ. Зэгухьэныгъэм хэтхэр абыхэм ядоІэпыкъу. Къатщтэмэ, иджыблагъэ обществэм хэтхэм Налшык къалэ администрацэм зыхуагъэзащ А хъуэхъуэ и уэрамым, автовокзал ІпІэм деж кьыщыщІэдзауэ Лениным и проспектым нэсыху, телъ асфальтыр щІэкІэ зэрахъуэкІыну лъаІуэу. Администрацэр а Іуэхум хэплъащ икІи Іуэхур зэфІихыну къигъэгугъащ. А уэрам Іыхьэм тетщ зэгухьэныгъэм и ІуэхугъащІэр. ГурыІуэгъуэщ гъуэгу быркъуэшыркъуэм щыщэкІуэнщэ абыхэм кьаззэрытехьэлъэр.

Апхуэдэ щытыкІэм итщ зи нэм имыльагъуэр нэхъ зэгъащІылІауэ щыт поликлиникэ №7-м и хуэкІуэ гъуэгури.

Шэрджэс Ларисэ кьалэ администрацэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІу кьыхигъащІа Головко уэрамымрэ Лениным и проспектымрэ я зэхэкІыпІэм тралъха плиткэхэм утету уэкІуэныр зи нэхэм фІыуэ ямылъагъуэм я дежкІэ зэрыгушыщІу. ХуэкІуэжьам кьагъэсэбэлар лэдэж зиІэ плиткэщ, дунейр щыщтырыгъуми щыуэтІпсытІми уцІэнтхъуэнукъым.

«Доступная среда» урысейпсо программэм ипкъ иткІэ пащэнчуц макъ зыгъэІу светофор ягъэувыным,абы кьищынэмыщІауэ, Налшык дэт Іуэхугъапіэ псори пандус иІэным хуохІуэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замира, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КЬБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЬУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхугъапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; суРэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КЬР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КЬБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.),* ПхытІыкІ Аэмэт *(1, 4-нэ нап.),* *Компьютерклэ газетым и тепІэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *суРэтхэм елэжьар* Биц Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №82